mun kasorot cahya surya,
burinyay lir kilat tatit.

Harita para pangagung,
sakuliah Majapahit,
ngagem kostim kabesaran,
kumaha tali paranti,
diatur ku Gajah Mada,
hal petana nempuh jurit.

Pamuk-pamuk geus karumpul,
patih-patihna ngabaris,
mantri werda Lembu Werda,
Ki Patih Madu jeung Gowi,
Mento reujeung Kebo-Bungsang,
Teteg Menjung Marga-Leuwih.

Arya Tadah ahli pupuh,
nu geus kolot dina jurit,
reujeung nonoman pilihan,
tulen terah Majapahit,
mantri anom nu garagah,
pepencaran Singasari.

Para rangga henteu kantun,
tindakna titih raspati,
matak resep anu ningal,
sanggeus tarapti diloris,
dicoba peta-petana,
pikeun engke dina jurit.

Sanggeus cukup nurut dawuh,
pangagung rawuh perjurit,
pakakas enggeus sadia,
ngan kari jung bae indit,
teu kacatur ti peutingna,
kacatur isukna deui.

Isuk-isuk geus ngaguruh,
tatabeuhan kabeh muni,
mani kawas rek kiamat,
rame ku sora perjurit,
sababaraha aleutan,
ngabrul ti mana ti mendi.

Harita Parabu Sepuh.
Prabu Daha kitu deui,
geus medal ti karajaan,
lir srangenge kembar bijil,
tambah diiring ku putra.
memenuring Majapahit.

Kanjeng Prabu Hayam Wuruk,
keur kasep tur amis budi,
dandosan serewa endah,
matak serab nu ningali,
matak lumpuh kaleleban,
teu seubeuh neuteup Narpati.

Cahya mancur nungtun wuyung,
birahina medal sari,
kasep seep ku anjeunna,
pameget panghudang wingit,
satria kembang impenan,
patut pantes dipigusti.

Pasemonna Maha Prabu,
bangun teu kendat ngagalih,
kahonengan katresnaan,
tetep emut ka nu geulis,
tapi harita kapegat,
ku gumbiraning perjurit.

Jeung tatabeuhan ngaguruh,
pertanda rek maju jurit,
pangheulana wadya-bala,

iringan ti Majapahit,
diiring ku para tanda,
kitu deui para mantri.

Katema ku Patih Agung,
gedug di Majapahit.
Mangkubumi Gajah Mada,
kapala kabeh perjurit,
anegleng nitih kareta,
katembong ti mana-mendi

Panji agungna ti payun,
jeung make bandera leutik,
palebah hulu kareta,
ngaredes payus tur resmi,
make papaes ku emas,
pantes mun kareta jurit.

Congo bandera ditabur.
ku sosoca tingkaretip,
ngagem payung kabesaran,
payung hideung sisi kuning,
gumilap wantu parada,
lir Maha Prabu Darwati.

Sapungkureun Patih Agung
Kangjeng Ratu Majapahit,
nitih gajah ageng pisan,
pantes titihan jeung Gusti,
rarahabna murub mubyar,
matak serab nu ningali.

Kangjeng Ratu Hayam Wuruk,
nenggang ti kabeh narpati,
nganggo kustim ewol bodas,
kangkalungna tunjung manik,
di tengahna nganggo mirah,
hurung euceuy katingali.

Lawerontekna ti payun,
sarta ngagem panji-panji,
sutra bodas nganggo gambar,
sasmita ratu lineuwih,
disulam ku benang emas,
makara anu ditekin.

Sarta nganggo pajeng agung,
bodas pepentolna manik,
bunder hurung matak serab,
katingal ti mana-mendi,
lir Batara Kamajaya,
kakara turun ti langit.

Pungkureun gajah Sang Ratu,
Sang Parabu Daha Aji,
nitih gajah tabur emas,
dipajengan pajeng kuning,
murub mubyar katingalna,
banderana sutra kuning.

Sarta nganggo gambar manuk,
ku parada nyacas manis,
direka manuk dewata,
Sang Perbu lingihna rintih,
nganggo tameng dada panjang,
sisina dilakop manik.

Nyepeng kepet bodas alus,
panangan sabeulah deui,
nyepeng panah jeung gondewa,
jamparing hurung dumeling,
lain sapanah-panahna,
ieu mah jamparing geni.

Matak seber hate musuh,
miris sakur nu ningali,
pungkureun gajah Sang Nata,

ngaleut mantri senapati,
garagah narunggang kuda,
selana emas sinangling.

Kabeh mantri make payung,
lir supa kakara jadi,
tinkelebet banderana,
tumbakna beres ngabaris,
perjurit nu panghareupna,
kabeh ginding beunang milih.

Katema ku Prabu Sepuh,
Ratu Kahuripan nagri,
nganggo anu serwa endah,
rumbahna pangwuruh sigit,
sanggul gaplek adikara,
makuta retna rinukmi.

Nyungcung kawas candi agung,
payus lamun ditingali,
anegleng di luhur gajah,
gajah ti Bogor nagari,
ngaran gajah Supratika,
rarahabna tingkaretip.

Ditabur sosoca hurung,
matak serab nu ningali,
surup jeung anu nitihan,
kadya Dewa Sakyamuni,
payung rawuh banderana.
hideung meles wuwuh resmi.

Sisi banderana ngempur,
ku ermas direka sapi,
surup lir bandera Siwa,
ngelebet katebak angin,
redes bandera leutikna,
dibudel beureum ditekin.

Dipapaesan ditabur,
ku mutiara mas manik,
mani siga cika-cika.
tumbakna seukeut tur lancip,
lir keris Batara Indra,
matak paur nu ningali.

Ti pungkur ngabrul ngagimbang,
para mantri anu ngiring,
kabeh pada nunggang kuda,
dipayungan gararinding,
sarta marawa bandera,
diparada langkung resmi.

Aleutan perjurit maju,
henteu lila enggeus nepi,
ka tegal Wilajanggala,
ari balad Majapahit,
ngaso di Pabalantikan,
sawareh di Ampel Gading.

Reujeung di Masigit Agung,
mani nakleuk jadi hiji,
perjurit minuhan tempat,
Ki Gajah Mada Papatih,
enggal ngadeuheus ka Raja,
ngunjukkeun yen geus sayagi.

„Namung samemehna tarung,
mugi aya widi Gusti,
bade ngintunkeun utusan,
marios sakali deui,
susuganan urang Sunda,
gimir rek ngalawan jurit.

Ka kersa Gusti sumujud,
ngabaktikeun Nyai Putri,”
Gajah Mada kawidian,

tuluy milih nu peryogi,
nu pantes ngemban dawuhan,
henteu lila geus sayagi.

Ki Teteg reujeung Ki Menjung,
nu kapilih ku Ki Patih,
peryogi jadi utusan,
mawa saratus perjurit,
sanggeus tarampi dawuhan,
malungkur ti Majapahit.

PANGKUR

Henteu kocap di jalanna,
urang tunda utusan Majapahit,
ayeuna nu rek dicatur,
urang Sunda di Bubat,
nu keur pesta para mantri jeung tumenggung,
nyieun poé panungtungan,
sukan-sukan beurang-peuting.

Geus luas pikiranana,
henteu niat hirup pisah ti Gusti,
engke dina waktu pupuh,
rek ngamuk tutumpesan,
geus mupakat pangkat leutik-pangkat agung,
nu matak waktu harita,
sukan-sukan ngayun ati.

Jauh karisi kasusah,
wadyabala siga nu memekasi,
seubeuh dahar seubeuh nginum,
seubeuh eak-eakan,
sora goong ngungkung tug nepi ka isuk,
beurang ganti tatabeuhan,
peuting raramean deui.

Geunjeung sakuliah Bubat,

Kangjeng Ratu kantun bingah ningali,
tapi henteu rea saur,
tetep emutanana,
nu diileng ngan buahna perang pupuh,
hiji mangsa Kangjeng Raja,
linggih handapeun caringin.

Jebul datang-Ki Utusan,
tumorojog teu permisi deui,
ngadeukeutan ka Sang Ratu,
pokna, „He Ratu Sunda,
ulah samar sim kuring utusan Ratu,
Majapahit Sri Nalendra,
didawuhan gasik-gasik.

Neda walonan nu nyata,
lamun anjeun sieun nemahan pati,
geura babakti ka Ratu,
sujud serah bongkolan,
jeung sanggakeun putra anjeun buru-buru,
ayeuna Maha Nalendra,
geus angkat ti Majapahit.

Nyandak balad pirang-pirang,
senapati nu sarakti dikerid,
palebah Masigit Agung,
eukeur liren ngantosan,
geura candak ayeuna Nyi Putri Ayu,
ulah rek dilila-lila,
bisi bendu Kangjeng Gusti.

Upamana anjeun leleda,
henteu geuwat nyaosan kersa Gusti,
anjeun tangtu pondok umur,
jeung kabeh urang Sunda,
tangtu lebur, digempur nepi ka tumpur,
moal aya anu nyesa,”
Sang Ratu Sunda ngalahir.

„He kabeh para utusan,
naha menéh mana suaban teuing,
pati batur dihaungu,
engke dengekeun heula,
saayeuna maraneh hade malundur,
teu kudu panjang carita,
ku kula enggeus kaharti.

Unjukkeun bae ka Raja,
yen ayeuna kula teu aya pikir,
sumawon lamun sumujud,
nepi ka mikeun anak,
tepung oge ayeuna mah geus teu maksud,
perkara rek ngajak perang,
beurang wani peuting wani.

Teu gimir bulu salambar,
parantina da sarua lalaki,
terah senapati pupuh,
cindekna ayeuna mah,
mending geuwat geura unjukkeun ka Ratu,
yen kula oge sadia,
keur dangdan rek mapag jurit.

Najan kami kurang balad,
urang Sunda teu sieun miceun pati,
perang moal ngitung musuh,”
Anepaken teu tahan,
nenjo tingkah utusan payuneun Ratu,
mungguh beureum pameunteuna,
kumerot bari ngagidir.

Tumenggung Panghulu Borang,
leuwih-leuwih benduna ti Ki Patih,
ngalinjing bari tutunjuk,
ka sakabéh utusan,
„He utusan si dusun jauh ka bedug,
meugeus ulah loba ucap,

geuwat buru-buru balik.

Batur maneh geuwat teang,
hayang nyaho cing kami geuwat basmi,
mana pamukna nu weduk,
hayang neuleu rupana,
titah maju isukan ka medan pupuh,"
utusan gancang ngajawab,
„Isukan kabeh dibasmi."

Gancangna utusan mulang,
para mantri Sunda henteu miduli,
ka utusan anu mundur,
jongjon sarukan-sukan,
najan napsu nguwang pinuh ngundung-ngundung,
kabeh narahan napsuna,
teu werat isin ku Gusti.

Kacaritakeun utusan,
geus ngadeuheus ka Ratu Majapahit,
cong nyembah tuluy pok matur,
„Nun Gusti Sri Nalendra,
abdi Gusti sareng perjurit saratus,
parantos dongkap ka Bubat,
nepangan Sang Sunda Aji.

Putusan Sang Ratu Sunda,
henteu niat ngabaktikeun Nyi Putri,
wondening bade ditempuh,
sumeja diayonan,
siang-wengi diantos dongkapna musuh,
sanajan saeutik balad,
gilig rek narohkeun pati."

Tukuy paralak nyarita,
imeut pisan sagala nu kapanggih,
sarambut henteu kalarung,
enggalna Sri Nalendra,

ngadawuhan ka kabeh mantri tumenggung,
„He kabeh para ponggawa,
geura singkil taki-taki.

Gempur bae eusi Bubat,
tarembongkeun kasantikaning jurit,”
Patih Gajah Mada matur,
„Nun Gusti Sri Nalendera,
abdi Gusti seja tumut dawuh Ratu,
parantos asak barempag,
sareng para senapati.

Namung nyembahkan duduka,
mugi-mugi aya widi Jeng Gusti,
aya anu kapiunjuk,
wireh dange ayeuna,
panonpoe moal lami oge surup,
kumambang keras Nalendra,
kumaha upami enjing.

Tangtos perjurit sadaya,
wuwuh seger kiat ngalawan jurit,
ayeuna bade diatur,
petana ngepung Bubat
rek dilingkung wetan, kulon sareng kidul,
engke tangtos urang Sunda,
pepet jalan pakeun bijil.

Dimana tembong ngolembar,
moal lepat dirungkup ku perjurit,”
sugri anu ngadarangu,
piunjuk Gajah Mada,
sami rujuk malah harita Jeng Ratu,
ingguk tawis ngawidian,
kana panuhun Ki Patih.

Salse seba kabeh budal,
para mantri geus arasup ka tangsi,

tangsi dadakan diatur,
teu pacorok paselang,
sewang-sewang sasenapati sagunduk,
saung kapala di tengah,
dilingkung saung perjurit.

Henteu kacatur peutingna,
kacarita panonpoe geus bijil,
hurung sela-sela gunung,
ngempur mubyar cahyana,
nyorot kana anggoan para tumenggung,
nu keur baris arek perang,
tinggurilap tingkaretip.

Leugeudeut ti tebeh wetan,
wadyabala Sang Ratu Majapahit,
Prabu Anon Hayam Wuruk,
perjuritna pilihan,
gararinding wantuning perjurit Ratu,
pongawa pangobeng Raja,
beunang meting ahli jurit.

Ngajajar kalantakana,
tameng beres mendung lir mega putih,
pedang tinggurilap hurung,
kasorot cahya surya,
tumbak binang teu kabilang rewu-rewu,
katingalna siga hujan,
ngagonyok herang laleutik.

Ti kulon deui katingal,
parajurit ngiring dua Narpati,
iringan Parabu Sepuh,
sareng Parabu Daha,
nu ti payun aleutañ mantri tumenggung,
pangobeng tatameng dada,
anu barela ka Gusti.

Beh kidul deui katingal,
laksa-keti perjurit beunang milih,
nu jadi pamanggul pupuh,
Ki Patih Gajah Mada,
Patih Agung nu mashur jagoning pupuh,
anegleng dina kareta,
diobeng ku para mantri.

Aralus anggoanana,
sarwa koneng ditabur emas manik,
mencrang siga kembang waru,
kitu deui sabukna,
sabuk batik alus estu surup payus,
sawarna reujeung raksukan,
nelah batik lubeng leuwih.

Kabeh perjurit sayaga,
kidul kulon wetan pon kitu deui,
geus hayang geura prung tarung,
perjurit nu ti heula,
geus daratang ka Bubat kabeh geus cangcut,
musuh-lawan geus sadia,
estu wani pada wani.

Perjurit barahmasara,
anu ngagem pakarang bangsa bedil,
diheulakeun sina maju,
narajang urang Sunda,
dibarengan ku surak jeung goong ngungkung,
dijawab ku urang Sunda,
ku surak nu leuwih tarik.

Asa tungkeb alam dunya,
bumi eundeur ngageter lir ku lini,
ngaguruh lir gunung urug,
ku tarikna nu surak,
taya hiji perjurit nu niat mundur,
ngangseg musuh reujeung lawan,

tingjaledur sora bedil.

DURMA

Dina kapal pirang-pirang urang Sunda,
saringkil taki-taki,
jeung pagawe kapal,
nyareungeut mariemna,
pelor nyebrot siga mimis,
pating belesat,
mawur ka mana-mendi.

Kabeh awas nunggu balad musuh datang,
wadia Majapahit,
ditunggu huluna,
mungguh perjurit Sunda,
perangna wani tur titi,
teu sambarangan,
nurut papagon jurit.

Anu tatu keuna pakarang musuhna,
malesna reujeung adil,
teu ngumbar amarah,
apik titi jeung tata,
nurut darmanin perjurit,
laku satria,
perang ku dumeu wajib.

Pucuk balad Majapahit maju nengah,
urang Sunda geus singkil,
musuh reujeung lawan,
geus ger ngadu pakarang;
ieu wani itu wani,
der campuh pisari,
pada narohkeun pati.

Sili tewek, sili kadek, sili tumbak,
sili jejek tampiling,

Patih Gajah Mada,
geus ngangsitkeun baladna,
perjurit mangketi-keti,
bareng datangna,
lir ombak di basisir.

Rame surak ngaguruh minuhan Bubat,
bareng jeung sora bedil,
sarta tatabeuhan,
ngungkung sora bendena,
ngahayukeun maju jurit,
poek sa-Bubat,
katutup haseup bedil.

Mariemna kadenge gegeledugan,
pelor mawur lir mimis,
kakayon rarungkad,
perjurit patulayah,
bangkena patumpang-tindih,
katarincakan,
perjurit beuki wani.

Urang Sunda nu paraeh pirang-pirang,
nu hirup tambah wani,
ngamuk tetekadan,
siga banteng bayangan,
bari baloboran getih,
ngabar pakarang,
teu inggis miceun pati.

Bareng rampak maju narajang musuhna,
perjurit Majapahit,
rebah lir ku caah,
paturay paburencay,
loba nu mundur nu nyisi,
bubar ngawiak,
diangseg dibeberik.

Puluh rafus nu paraeh patulayah,
kabeh marandi getih,
wadyabala Sunda,
beuki gancang ngangsega,
mundur urang Majapahit,
barina mapan,
tapi terus diberik.

Pupucukna balad Gajah Mada ruksak,
sarta marandi getih,
geus loba nu lumpat,
kalabur paburencay,
para mantri Majapahit,
kabeh tangginas,
nenjo baladna miris.

Tuluy nitah maju deui bareng rampak,
bari sarurak tarik,
campuh deui perang,
sarua waranina,
taya saurang nu nyisi,
bangke geus ngampar,
jiga babadan pacing.

Dina medan anu sabeulah ti wetan,
nu deukeut sisi cai,
anu pangributna,
perang taya eureunna,
ramena teu aya tanding,
bari sarurak,
ngaguruh matak ketir.

Urang kapal hantem nyeungeut mariemna,
ngabedilan ti cai,
pelor siga hujan,
baladna Sri Nalendra,
Ratu Agung Majapahit,
nu panghareupna,

anu deukeut ka cai.

Seep pisan dibasmi ku urang kapal,
bangke patumpang tindih,
jeung ruksak badanna,
leungeun sukuna misah,
tingbalesat sisi cai,
hulu bareulah,
loba nu tigas pacing.

Nu harirup kabur naringgalkeun Raja,
mubus ka leuweung rumbit,
geus teu noli burang,
tunggul catang dirumpak,
neangan tempat nu buni,
di lebak-lebak,
ngahephep siga peusing.

Urang Sunda ngamukna anggeus-anggeusan,
teu nyaah miceun pati,
bareng maju nengah,
beuki rame perangna,
sarurak patarik-tarik,
eak-eakan,
bari narangtang jurit.

Dibarengan ku sora gegeledugan,
mariem reujeung bedil,
pelor siga hujan,
poek saluar Bubat,
peledug jeung haseup bedil,
minuhan medan,
jeung hangru bau getih.

Tingburinyay cahya seuneu siga kilat,
tina kucubung bedil,
perang beuki hebat,
rapet musuh jeung lawan,

ngangseg kabeh senapati,
ngangsitkeun balad
geus galo jeung perjurit.

Sora kuda tinghariem-tingharoang,
gajah pating jarerit,
jagat asa rempag,
pongawa para menak,
petingan ti Majapahit,
loba nu misan,
kasambut dina jurit.

Rangga Caho Rangga Soan ngabar pedang,
ngahayohkeun perjurit,
Rangga Wiramangsa,
jeung baturna Ken Jalak,
dua pamuk Majapahit,
geus maju nengah,
barina nangtang jurit.

Gok paamprok jeung anu keur ngabar pedang,
Rangga Caho geus singkil,
Rangga Soan tandang,
sanggeusna silih tanya,
tuluy ruket perang tanding,
musuh jeung lawan,
sarua pada wani.

Ulin pedang sarua pada bisana,
pakarang gunta-ganti,
Rangga Wiramangsa,
lila-lila teu kuat,
eleh nekad eleh kesit,
ku pamuk Sunda,
dikadek geus tiguling.

Urang Sunda nu nenjo pada sarurak,
Ken Jalak deui singkil,

Rangga Soan tandang,
barina ngabat pedang,
Ken Jalak ditigas pacing,
beuheungna pegat,
sirahna ngagulitik.

Urang Sunda surakna eak-eakan,
barina nangtang jurit,
ngeprokan dunungan,
beuki campuh perangna,
perjurit pada perjurit,
kabeh ponggawa,
iringan Majapahit.

Beuki panas nenjo baturna geus misan,
henteu talangke deui,
marecut kudana,
bari ngangsitkeun balad,
beuki rame anu jurit,
ngadu ponggawa,
sarua pada wani.

Wadyabala anu sakitu kandelna,
iringan Majapahit,
nu maju ti heula,
ngambreg ka medan perang,
ayeuna geus beuki ipis,
rada corengcan,
tembong anu ngumendir,

Urang Sunda ripuh ngayonan musuhna,
eukeur mah ngan saeutik,
henteu satimbangan,
lobana musuh lawan,
tambah dihurup sakali,
ti unggal madhab,
diambreg ku perjurit.

Gugundukan nu parereng rame pisan,
urang Sunda teu gimir,
geus ikhlas hatena,
beuki napsu perangna,
para mantri Majapahit,
maraju nengah,
bareng reujeung perjurit.

Patih Gowi Arya Tadah mecut kuda,
jeung Patih Marga Leuwih,
ngahurup Ki Rangga,
dua pahlawan Sunda,
teu kuat ngayonan jurit,
seep tanaga,
tapi maksa ngaberik.

Henteu lila dua pahlawan kasoran,
pupus di medan jurit,
baturna ngarudag,
tuluy ngamimitian,
gunta-ganti perang tanding,
musuh jeung lawan,
nu surak beuki tarik.

Patih Madu jeung Ken Teteg tuluy tandang,
maju ka medan jurit,
ngahayukeun balad,
kabeneran gok tepang,
jeung hiji kapala jurit,
menak Pasundan,
Ki Jatiguru sakti.

Jatiguru mesem neutep ka musuhna,
pokna: „Geuning Ki Patih,
nu bareto tea,
datang ka tanah Sunda,
sumujud ka Sri Narpati,
alus basana,

teu sangka niat julig.

Boro kami sadia saaya-aya,
sugan teh teu rek dengki,
kapan anjeun menak,
nyaho kana aturan,
tapi matak teu kaharti,
kitu tekadna,
naon anu diaji.

Da mun ngaji pasal darmaning satria,
piraku jalan pelit,
tipu jeung hianat
amis pokpokanana,
sanggeus kairut mateni,
jalma kumaha,
hayang teh ari wani.

Jol ngarurug ka ditu ka tanah Sunda,
'mo burung teu diberik,
kami ge sarua,
turunan ahli perang,"
Ki Patih Madu mundelik,
beureum beungeutna,
ceulina asa rawing.

Henteu kuat ngadenge pahlawan Sunda.
nuding hianat julig,
jawab bari nyentak,
„Naha bet loba ucap,
ngahina nyacampah kami,
majar hianat,
henteu rumasa kami.

Salah maneh datang teu nyaho di tata,
mun hayang hirup hurip,
kudu serah badan,
cara raja bawahan,

jeung babakti ka Narpati,
mun sungkan pasrah,
kudu narohkeun pati.”

Jatiguru ngajawab „Puguh ge niat,
ngayonan perang tanding,”
duanana tandang,
pada ngulinkeun pedang,
estu jago manggih tanding,
pada bisana,
sarua ahli jurit.

Sili kadek ku pedang nu seukeut pisan,
pinterna anu nakis,
mani ngagurilap,
tameng buburinyayan,
katiban ku pedang jurit,
kawas seuneuan,
tina bawaning tarik.

Patih Madu kudana nyepak ngarunjang,
luluncatan sisirig,
barina bohoang,
Jatiguru tangginas,
kudana tuluy digedig,
sina ngawahan,
kudana bangun ngarti.

Tapi kuda Patih Madu leuwih gagah,
pantes titihan jurit,
mun nenjo dunungan,
ditarajang musuhna,
tuluy meta kawas ngarti,
siga rek bela,
Ki Jatiguru pusing.

Jatiguru henteu meunang papan pisan,
kagok ku kuda Patih,

nepi ka rek ragrag,
Ki Patih Madu kebat,
ngadek rikat sarta tarik,
Ki Jati ragrag,
tapi pedang katakis,

Barang hudang arek mancal deui kuda,
disabet ku Ki Patih,
blug ragrag tamengna,
dituyung dikadekna,
gedebug deui tiguling
keuna dadana,
katojos pedang Patih.

Jatiguru geus teu kuat deui hudang,
baloboran ku getih,
getih lir pancuran,
nyebrot ti jero dada,
teu lila les henteu eling,
tepi ka ajal,
pupus di medan jurit.

Ger nu surak rame lain dikieuna,
perjurit Majapahit,
Panji Melong ngudag,
ngalempagkeun tumbakna,
dibenerkeun ka Ki Patih,
tumbak ngolebat,
Patih geblug tiguling.

Henteu tatu ngan ragrag ti luhur kuda,
Ken Teteg nenjo Patih,
ragrag tina kuda,
ngudag arek bebela,
ngalempagkeun tumbak leutik,
ka anu numbak,
Panji Melong tiguling.

Saharita terus diteukteuk beuheungna,
ger surak praperjurit,
rame tatabeuhan,
urang Sunda barirat,
lumpat rek matur ka Gusti,
yen kapalana,
kasambut dina jurit.

Waktu balad Sunda lumpat paburencay,
ku urang Majapahit,
dihujanan panah,
kocap Papatih Sunda,
Anepaken pamuk jurit,
gedug Sunda,
diiring ku perjurit.

Gagah kocak nganggo-nganggo kabesaran,
pantes papatih jurit,
omyok tinggurilap,
hideung ngajangjang kumbang,
ginding hese nyiar tanding,
kudana gagah,
titihan dina jurit.

Kuda hideung gede pantes kuda menak,
surup titihan patih,
si Gagak Mayura,
ngaranna eta kuda,
alus wantu beunang meting,
tulen ti Bima,
matak resep ningali.

Patih Sunda harita eukeur barempag,
jeung Larangagung sakti,
geus pada sadia,
upacara sayaga,
ngagem payung reujeung panji,

warna payungna,
sarua jeung Ki Patih.

Hideung meles nya kitu deui panjina,
masang reujeung Ki Patih,
ngan titihanana,
Larangagung mah gajah,
eta dua senapati,
di Pasundan mah,
panggindingna pinilih.

Tameng Patih mubyar ditabur sosoca,
pedang dipuntir-puntir,
luhureun sirahna,
herang babaranyayan,
tumbakna pon kitu deui,
seukeut ngolenyay,
dilakop emas manik.

Ngagem tohok sayet beureum rarawisna
tohok alus teh teuing,
pepentolna emas,
gagangna diparada,
gede seukeut sarta lancip,
lebah tungtungna,
herang nyacas dumeling.

Di tungtungna diselapan mutiara,
Ki Anepaken Patih,
pikeun di Pasundan,
menak nu pangagungna,
jadi kapalaning mantri,
kapala perang,
tangan tengen Narpati.

Anepaken diobeng para jajaka,
palinter beunang milih,
make tameng dada,

ku emas tinggalebyar,
jeung ngagem tumbak jiningring,
tegep garandang,
putra Sunda pituin.

Geus sayaga perjurit para jajaka,
Anepaken ngumendir,
„Hayoh maju rampak,
urang lingkung puserna,
kapetengan Majapahit,
ulah rak weya,
ati-ati jeung wani.

Tuh beh kidul ayana Ki Gajah Mada,
Patih pamanggul jurit,
jeung balad-baladna,
nu boga peta jahat,
ulah ditempoan deui,
berik buburak,
tepi ka Majapahit.”

Gagah rongkah tindakna balad jajaka,
wantu balad pinilih,
maju gagancangan,
Ki Larangagung tandang,
ti heula singkil caringcing,
taya kagila,
lir macan ngambeu getih.

Geus ngadingding baladna Ki Gajah Mada,
sadaya taki-taki,
ngawaskeun musuhna,
Ki Larangagung kebat,
ngumendir ngangsitkeun baris,
bangun halabhab,
geus hayang nyeuseup getih,

Larangagung ngamuk lir banteng bayangan,

perjurit Majapahit,
bubar paburencay,
nu sakitu nakleukna,
saibarat kuta keusik,
sisi sagara,
kadupak ombak tarik.

Mantri pura jujuluk Kuda Wirada,
petingan Majapahit,
jeung Ki Wirasastra,
singkil nadahan mapan,
tapi Larangagung sakti,
terus narajang,
teu ngitung musuh deui.

Maju nengah bari ngabar-ngabar pedang,
teu pilih gede leutik,
balad boh kapala,
sakur nu katembong mah,
diudag terus diberik,
Ki Mantri pura,
pupus dibabad pacing.

Larangagung lain pamuk bantrak-bantrak,
nyata gegedug jurit,
estu matak hebat,
saha bae nu datang,
teu dibere tempo deui,
tangtu misanna,
pegat ditigas pacing.

Anepaken nyusul ngagedig kudana,
pedang dipuntir-puntir,
luhureun sirahna,
bari ngangsitkeun balad,
bubar balad Majapahit,
ku Patih Sunda,
nu keur ngamuk ngaberik.

Gajah Mada getem di jero kareta,
ningali balad nyisi,
sakitu lobana,
kalabur mankawura,
jung nangtung kerung ningali,
ka urang Sunda ,
nu keur ngamuk ngaberik.

Gajah Mada pudigdig datang napsuna,
kumerot jeung ngagidit,
pageuh nyekel tumbak,
jeung miwarang sadia,
nyekel tumbak ka Ken Enti,
kusir kareta,
Ken Enti geus caringcing..

Henteu lila Anepaken jebul datang,
ambek mungguh ngagidir,
dina luhur kuda,
mentas amuk-amukan,
ngababad beuheung perjurit,
ayeuna pendak,
jeung gedug perjurit.

Anepaken mesem ka Ki Gajah Mada,
Gajah Mada mundelik,
cek Papatih Sunda,
„Tah ayeuna kapendak,
jeung gedug Majapahit,
nu nyieun onar,
urang mutuskeun jangji,

Kuring inget basa kuring dihihina,
di payuneun Sang Resi,
basa di paseban,
ayeuna wet laksana,
anjeun oge moal lali,

diadu naker getih.

Maksud anjeun hayang numpes urang Sunda,
ayeuna enggeus hasil,
Sunda geus meh beak,
paraeh reujeung suka,
ngabelaan lemah cai,
teu panasaran,
geus jamakna lalaki.

Kari urang tacan nohonan subaya,
tacan mutuskeun jangji,
hayoh Gajah Mada,
mun nyata lalakina,
di nagara Majapahit,
turun ayeuna,
tina kareta jurit.

Urang ukur kadigjayan pamuk Sunda,
jeung pamuk Majapahit,
di dieu di handap,
saha nu leuwih kuat,
teuas tulang liat kulit,
hayoh ayeuna,
turun juragan Patih.”

Gajah Mada molotot beureum rarayna,
getem bari ngagidir,
„He Papatih Sunda,
meugeus tong loba ucap,
ku kula oge kaharti,
memang mangsana,
urang narohkeun pati.

Saenyana eukeur ditunggu ku kula,
sukur ayeuna panggih,
kawas geus mangsana,

nembongkeun kagagahan,
saha anu unggul jurit,
nu ahli perang,
nu nyata senapati.

Hayoh maju sing deukeut kana kareta,
mun hayang jadi mayit,”
Anepaken gancang,
ngurilingan kareta,
rek ngarontok musuh jurit,
Ki Gajah Mada,
geus singkil taki-taki.

Gajah Mada nangtung di luhur kareta,
Ki Anepaken milih,
papan anu ngeunah,
angkeuhna arek luncat,
henteu sangka yen Ken Enti,
tukang kareta,
niat mantuan jurit.

Barang luncat Anepaken tina kuda,
arek newak Ki Patih,
kek nyekel kareta,
gecos Ken Enti numbak,
lebah patuangan Patih,
Ki Patih Sunda,
nyebrot getihna bijil.

Pageuh muntang bari nutupan raheutna,
luncat sakali deui,
ka jero kareta,
rek ngayonan musuhna,
bari baloboran getih,
Ki Gajah Mada,
kebat numbak jeung bengis.

Anepaken ragrag ti luhur kareta,

tibeubeut tijumpalik,
maksa deui hudang,
Gajah Mada tangginas,
ku tumbak dipapag deui,
Ki Patih Sunda,
rubuh teu hudang deui.

Patih Sunda geus nepi kana ajalna,
pupus di medan jurit,
kocapkeun baturna,
Ki Larangagung tea,
dihurup ku para mantri,
sapiarang-pirang,
tagen ngayonan jurit.

Lila-lila bawaning loba musuhna,
ngambreg ti mana-mendi,
capeeun teu tahan,
tapi pikirna ikhlas,
niat paeh dina jurit,
hasil maksudna,
geus wapat bela bumi.

PANGKUR.

Kacarita Ratu Sunda,
geus ngadangu warta ti para mantri,
yen pamanggul perang pupuh,
pamuking tanah Sunda,
Anepaken reujeung mantri Larangagung,
geus pupus di pangperangan,
Ratu ngaraos nunggelis.

Ponggawa anu garagah,
geus nungtutan kasambut dina jurit,
aleutan anu ti pungkur,
beuki carang corencang,

jauh pisan bedana jeung balad musuh,
para mantri para tanda,
nu hirup kari saeutik.

Ki Jagatsaya Ki Borang,
Demang Cahu, Unur geus taki-taki,
seja ngamuk bela Ratu,
sarta bela nagara,
luas hate perang moal ngitung musuh,
para jurit balakrama,
kabeh geus singkil caringcing.

Wadya bala tanah Sunda,
saibarat kapal potong kamudi,
tali layarna rarampung,
pegat ku angin topan,
kari kapal angkleung-angkleungan di laut,
ku ciptaan Ratu Sunda,
samar bisa balik deui.

Tangtu karem di sagara,
puput umur nepi ka titis-tulis,
enggalna Ratu ngadawuh,
„He kabeh para tanda,
para mantri sadia ulah rek mundur,
ayonan perjurit Daha,
reujeung Kahuripan nagri.

Urang maju bareng rampak,
kabeh kulon kerid kabeh perjurit,
nu masih keneh harirup,
enggalna geus sayaga,
Ratu Sunda nitih gajah gede jangkung,
geus lengkep upacaraana,
biasa ratu rek jurit.

Teu kacatur di jalanna,
musuh-lawan geus pada taki-taki,

ger surak bendena ngungkung,
tanda ngangsitkeun balad,
tuluy perang campuh teu aya nu mundur,
sili kadek sili tumbak,
estu wani pada wani.

Senapati Gagak Setra,
pamanggulna ti Kahuripan nagri,
tandang jiga banteng ngamuk,
bari ngangsitkeun balad,
saha bae musuh nu datang disuduk,
taya nu mangga pulia,
matak gimir nu ningali.

Jagatsaya pamuk Sunda,
nenjo peta Ki Gagaksetra sakti,
amarahna mani nguwang,
tuluy semprung diudag,
barang amprok tuluy tarung pada pamuk,
ditewek Ki Gagaksetra,
rumpuyuk teu hudang deui.

Terus diteukteuk beuheungna,
ger nu surak barina nangtang jurit,
Jiwaraga ngabar duhung,
nenjo Ki Gagaksetra,
geus kasoran tuluy ngudag males nyuduk,
Ki Jagatsaya tangginas,
terus males newek deui.

Tidinya gelut galungan,
sili tewek sarua pada wani,
mandi getih mani pinuh,
henteu lila perangna,
duanana leuleus tuluy ngalumpuruk,
bareng tarepi ka ajal,
mayitna patumpang tindih.

Ger surak musuh jeung lawan,
rame pisan sarua pada wani,
pamuk tarung pada pamuk,
pongawa Kahuripan,
pirang-pirang nu kasambut dina pupuh,
malah kapala mantrina,
geus parupus dina jurit.

Ku gajahna Ratu Sunda,
Ratu Daha jeung Kahuripan nagri,
kaget pamukna kasambut,
baladna paburencay,
tumpa-tempo ngawaskeun titihan musuh,
ngaradeg di luhur gajah,
barang geus awas ningali.

Kana gajah Ratu Sunda,
nu keur meta ngudagan ka perjurit,
Ratu Kahuripan maju,
bari nyandak gondewa,
Ratu Daha ngangseg ngiringkeun ti pungkur,
teu lila enggeus patepang,
narpati pada narpati.

Gajahna tuluy mareta,
bangun ambek sili gadil ku gading,
tulalena tingaracung,
mesem Sang Ratu Sunda,
bari neutep ka Sang Kahuripan Prabu,
ngandika alon saurna,
„Asa kaleresan teuing.

Rayi Dalem pareng tepang,
sareng Raka anu danti-anti,
awit ngandung maksud alus,
niat arek misobat,
bebesanan ngalaksanakeun pamundut,
seja nohonan subaya,
di nagara Majapahit.

Tapi halangan harungan,
taya milik kana bisa patali,
geus kitu kersa Yang Agung,
urang ngan kudu pasrah,
masing suka masing rila Raka Prabu,
mun enya rek duduluran,
kudu tembongkeun kiwari.

Kudu samaksud saniat,
dulur pupuh diadu naker getih,
jeung paloba-loba tatu,
ulah linyok jeung curang,
kudu nurut papakon wajibing pupuh,
ngudag darmaning satria,
numutkeun wawaton jurit.”

Gumujeng Sang Kahuripan,
bangun bingah sarta tuluy ngalahir,
„Leres pisan Rai Prabu,
memang kitu kedahna,
ulah nerka kakang boga niat palsu,
kakang ge tumut aturan,
papakon wajibing jurit.

Sukur bagja kamayangan,
diparengkeun tepang di medan jurit,
rebut pati milang tatu,
jeung Rai Ratu Sunda,
mangga pisan ulah keder Rai Prabu,
ayeuna kawas mangsana,
diadu santiking jurit.”

Tuluy maju Ratu Sunda,
ngagem tumbak nu pepentolna manik,
jajambulna nyacas ngempur,
jeung dina lalancipna,
ngencilong herang make mutiara hurung,
dilempagkeun ka musuhna,
Maha Kahuripan nagri.

Rikat merekpek numbakna,
nu ditumbak tangginas bisa nakis,
ngan tamengna anu ancur,
katojosan ku tumbak,
tingpuruluk, mawur sosoca aralus,
tina tameng tina tumbak,
mutiarana meletik.

Mawur murag kana lemah,
katincakan ku gajah nu keur jurit,
kocap Prabu Daha maju,
ningali raka perang,
tuluy singkil mantuan numbakan musuh,
Sang Ratu Sunda tangginas,
dihurup dua Narpati.

Wantu sami ahli perang,
henteu meleng rikat numbak jeung nakis,
tapi Ratu Sunda ripuh,
ngayonan dua Raja,
najan bangkit tabah dina maen suduk,
lila-lila mah teu tahan,
wantu nakis nganan-nger.

Maha Prabu Kahuripan,
beuki ngangseg numbakna ati-ati,
Prabu Daha deui maju,
ngincer ngarah melengna,
barang meleng saeutik Sang Sunda Ratu,
gecos ku Parabu Daha,
ditumbak lempeng tur tarik.

Keuna palebah dadana,
mani parat Ratu Sunda katur,
Prabu Kahuripan maju,
ngalempagkeun tumbakna,
dua tumbak nu niir salira Ratu,

golepak Sang Ratu Sunda,
rubuh henteu usik deui.

Ngajoprak di luhur gajah,
puput yuswa dongkap ka titis tulis,
geus kitu kersa Yang Agung,
jungjunan tanah Sunda,
pupus perang bakti umur ka luluhur,
bela pati ka nagara,
roh manjing sawarga adi.

Reup angkeub saluar Bubat,
langit ceudeum cur hujan ngaririncik,
guludug pating geledug,
kilat babaranyayan,
bumi gonjing aya lini teu pupuguh,
srangenge surem cahyana,
katumbiri meulah langit.

Totonden ilang jungjunan,
Ratu Agung nu diasih ku abdi,
jep jempling di medan pupuh,
wadya bala Pasundan,
nu harirup leuleus lir dipupul bayu,
gancangna mere pertanda,
ciciren sumerah diri.

Rumasa geus taya daya,
leungit napsu kari sedih prihatin,
alum lir budak pahatu,
lir pitik teu indungan,
tingpurungkut, brul ka kaler brul ka kidul,
calalipruk kahujanan,
ngiuhan handapeun kai.

stuning banget nalangsa,
rang Sunda dikantun ku Narpati,
irup di nagara batur,

teu boga pamuntangan,
aya oge kapala nu masih hirup,
nya eta Ki Patih Pitar,
patihna Sang Rajaputri.

Tapi taya kawanina,
malah niat masrahkeun Nyai Putri,
katut balad nu harirup,
jeung saeusi nagara,
ka musuhna, Maha Prabu Hayam Wuruk,
tina geus taya untupan,
rek ngamuk sieun ku pati.

Jung indit Ki Patih Pitar,
ngadeuheusan ka Ratu Majapahit,
Maha Prabu Hayam Wuruk,
cengkat teras mariksa,
„Ser ka dieu naon nu rek dipiunjuk,”
Patih Pitar mamandapan,
marek ka payuneun Gusti.

Tidinya tuluy unjukan,
pasemonna mesum semu prihatin,
„Nun Kangjeng Gusti Pukulun,
abdi Gusti sumerah,
mugi-mugi aya sih lunturing kalbu,
Gusti kersa nangtayungan,
ka abdi Gusti nu laip.

Nu hina pun patih Pitar,
patih Putri Retnayu Citrarasmi,
nyuhunkeun disambung umur,
sumerah raga-nyawa,
seja tumut ngabdi ka Gusti Pukulun,
ngambangkeun kersa Nalendra,
bade ngabdi lahir-batin.

Sareng nyembahkeun ponggawa,

wadya bala nu kantun sesa jurit,
katut eusi taman santun,
para istri Pasundan,
kasembahkeun sadayana anu kantun,”
Sang Ratu welas manahna,
ningali nu serah pati.

Sanggeus salse nu unjukan,
Patih Pitar mundur ti payun Gusti,
niatna rek urus-urus,
kocap Parabu Daha,
Kahuripan jeung Parabu Hayam Wuruk,
lalenggah bade barempag,
dina handapeun caringin.

Dideuheusan para tanda,
para mantri sami matur ka Gusti,
„Duh Kangjeng Gusti Pukulun,
abdi Gusti sadaya,
ngiring sedih, dumeh pirang-pirang pamuk,
sareng prajurit nonoman,
kasambut di medan jurit.

WIRANGRONG

Kangjeng Ratu Majapahit,
tumungkul gentos pasenion,
alum lir dipupul bayu,
kasuat lebeting galih,
emut ka wadya-balana,
sarta lampah salirana.

Kaduhung mapag ku jurit,
harita nembe karaos,
balukarna perang pupuh,
miceun pati laksa-keti,
tatamu seep baladna,
balad anjeunna teu nyesa.

Kangjeng Ratu Majapahit,
kasuat ku nu maraot,
pongawa anu paramuk,
nu tapis ngaheuyeuk nagri,
jeung emut ka Ratu Sunda,
nu nyaah dipulang moha.

Sang Ratu ngalahir aris,
„Geus kitu kersa Yang Manon,
tumpur ku lantaran pupuh,
ngan kudu pasrah jeung bakti,
ka Gusti nu murbeng alam,
tarima ku hate rila.

Ayeuna mah kabeh mantri,
ngan kudu nguruskeun layon,
kumpulkeun layon pangagung,
uruskeun mayit perjurit,
pulasara sabiasa,
ulah aya nu kaliwat.”

Tunda nu nguruskeun mayit,
caturkeun Sang Sunda Katong,
nu pupus di medan pupuh,
nohonan wajibing jurit,
jeung rek nyaritakeun bela,
nu tuhu ka Kangjeng Raja.

Sapupusna Kangjeng Gusti,
aya pangalasan laporan,
tumorojog buru-buru,
unjukan ka Prameswari,
yen Ratu parantos wapat,
geus mulih ka kalanggengan.

Segruk Prameswari nangis,
ditema ku Putri anom,
jeung para garwa pangagung,

emban-emban kitu deui,
ngadadak hujan cisoca,
bawaning banget nalangsa.

Kebat kabeh para istri,
nu iman kana papakon,
tuhu ka nu jeneng Ratu,
nu rek bela ka salaki,
kabeh ngarasay kuramas,
ngaranggo anggoan bodas.

Ngeureutan kuku beresih,
huntu diome dikosok,
kulit bersih cahya ngempur,
waos bodas lir malati,
luas mamanaanana,
satia seja bumela.

Kacarita Raja Putri,
putri puputon karaton,
bentang Pasundan nu mashur,
wuwuh leleb tambah manis,
rambut panjang galing muntang,
setra beunang nguramasan.

Dirundaykeun nutup imbit,
ombak banyu gomplok hejo,
melengkung lir mega mendung,
waos lir kembang malati,
seukeut cureuleuk socana,
salira lampanyat lenjang.

Keur geulis rea pangarti,
pengkuh nyepengna papakon,
pangaruh rea panemu,
wani perbawa pangarti,
tawekal jeung tetep iman,
ngesto ka ibu ka rama.

Geus gilig manah Nyi Putri,
rek bumela ka Sang Katong,
ngalap berekahing sepuh,
malar rahmating yang Widi,
anu diileng dicipta,
ngan niat bela ka rama.

Nyi Putri geus nyepeng keris,
dicepeng bari dipangkon,
geus teu karep lila hirup,
keris direret diilik,
dicepeng landeanana,
ngan kari ngantosan mangsa.

Enggalna Parameswari,
ngandika saurna alon,
„Eulis siki mata ibu,
jimat ibu lahir-batin,
upama eulis rek bela,
rek ngiring eroh jeung Rama.

Mending ge ayeuna eulis,
nyusul Kangjeng Rama Katong,
ulah rea nu ditunggu,
tong milu ka medan jurit,
keun bae ibu sorangan,
neangan layon Jeng Rama.

Lamun eulis milu indit,
ka ditu neangan layon,
tangtu eulis moal tulus,
ngiring Jeng Rama mo' jadi,
meureun halangan-harungan,
kapegat ku musuh urang.

Batal paniatan eulis,
moal nohonan papakon,
nu matak timbangan ibu,

leuwih hade ti kiwari,
pindah alam ngiring rama,
meungpeung musuh tacan datang.

Jeung engke mun geus lastari,
tepat sareng Rama Katong,
unjukkeun ibu rek nyusul,
antosan sakedap deui,
ibu hayang sasarengan,
tiluan mungga sawarga.

Anu dipake karisi,
mun teu sareng Rama Katong,
tangtu teu aya nu nungtun,
dina cukang ugal-agil,
cukang cueut ka sawarga,
jambatan ka kalanggengan.”

Sanggeus salse Prameswari,
wiat ka Nyi Putri Anom,
Nyi Putri gabrug ngarankul,
diambung ku Prameswari,
digalemoh diciuman,
kawantu tereh papisah.

Geus cacap tutuping asih,
panungtungan mikasono,
cong nyembah Nyi Putri Galuh,
barina harempoy calik,
nyuhunkeun jiad ibuna,
nyanggakeun kaluluputan.

Enggalna Retnayu Putri,
sasambat ka Maha Katong,
Ratu Sunda nu geus pupus,
anu geus mulih ka jati,
„Duh Kangieng Rama antosan,
abdi pun Galuh rek bela.

Rek sumujud lahir-batin,
netepan ungel papakon,
tuhu ka kersa Yang Agung,"
geus kitu enggal Nyi Putri,
tuluy ngalugas kerisna,
dibenerkeun kana dada.

Gecos Putri newek diri,
pucuk keris nanceb jero,
geus niir kana jajantung,
golepak Retnayu Putri,
pupus sapada harita,
geus mulih ka kalanggengan.

Para istri nu ningali,
petana Nyi Putri Anom,
rea nu pating rumpuyuk,
bawaning paur hawatir,
tingjarerit tingkoceak,
ngalempreh kabarajaan.

Nu kiat ngan Prameswari,
netepan kana papakon,
kandel iman tuhu pengkuh,
istuning geus gilig galih,
leungit nyaah kadunyaan,
panteng paniatanana.

Teu lila brul para istri,
para emban geus ngarogrog,
rame narangis ngagukguk,
ketir pabaur jeung sedih,
ibur eusi pasanggrahan,
harita hujan cisoca.

Enggalna Parameswari,
beberesih tuluy nganggo,
anggoan bodas tur alus,

kabeh garwa para mantri,
sami niat ngiring bela,
sarta nganggo serwa bodas.

MASKUMAMBANG

Brul ngagimbung para istri garwa mantri,
anu rek barela,
ti pasanggrahan geus indit,
tarungkul alon angkatna.

Ngaleut ngeungkeuy barodas lir kembang eurih,
anu pangheulana,
Prameswari Sunda Aji,
katema garwa kadua.

Nu katelah Paduka Matur geus galib,
kitu disebatna,
garwa narpati bihari,
padmi anu nomer dua.

Ti pungkureun ngabrul garwa para mantri,
ngaragem gagaman,
kabeh pada nyangking keris,
arangkat ka medan perang.

Rek neangan layonna Sang Sunda Aji,
geus kitu katema,
ku awewe eusi puri,
para emban jeung lianna.

Tingsalegruk sawareh nu ngabangingik,
bawaning nalangsa,
ngelingkeun ka kadar diri,
paeh di pangumbaraan.

Arolohok para wadya Majapahit,
sakur anu ningal,

polahna sakabeh istri,
anu rek jaradi bela.

Para mantri sakur anu naringali,
kabeh cumalimba,
ngangres ngenes ngiring sedih,
ka para istri Pasundan.

Kabeneran panonpoe wanci lingsir,
wuwuh matak waas,
asa ningal para ipri,
di jero leuweung gerotan.

Tinglallenghoy barodas pairing-iring,
sakur anu ningal,
henteu karasaeun deui,
tingcurucud cipanonna.

Inget kana kabungahan para istri,
basa nembe dongkap,
rek midang mestakeun Putri,
ahir kapegat ku bahya.

Teungteuingeun Maha Ratu Majapahit,
sakitu pinterna,
kagembang ku omong manis,
piunjuk Ki Gajah Mada.

Pirang-pirang wadyabala Majapahit,
nu milu nalangsa,
milu nyeri milu peurih,
ka para istri Pasundan.

Kacarita para istri geus sarumping,
kana medan perang,
karageteun ningal mayit,
pasusun patumpang-tumpang.

Ngagugunung siga gebog tumpang-tindih,

hulu pagoletak,
ngemplang beureum ranca getih,
sakuliah pangperangan.

Henteu lila aya nu lumpat ngabigbrig,
brek diuk cong nyembah,
sujud kana dampal Gusti,
mana horeng Patih Pitar.

Pok unjukan: „Nun Gusti Parameswari,
Ratu Istri Sunda,
mugi henteu rengat galih,
pun Pitar elat unjukan.

Kangjeng Gusti pupus dina medan jurit,
rawuh praponggawa,
balakrama senapati,
pamuk Sunda sami bela.

Para mantri sadayana bela Gusti,
sami miceun nyawa,
mung abdi anu jejerih,
teu wantun bela nagara.

Geus rumaos papatih ge hina laip,
jadi pamoyokan,
abdi teu gaduh kawani,
rereged satria Sunda.

Palalaur ningal mawurna jamparing,
mani kawas hujan,
les teu emut ka Jeng Gusti,
bela ka badan sorangan.

Tobat Gusti nyuhunkeun agung aksami,
tina kabodoan,
sanes teu melang teu watir,
mung jalaran watek hina.”

bangun nu nalangsa,
dumeh teu aya kawani,
lain teu niat bumela.

Prameswari ngandika saurna aris,
„Meugeus Patih Pitar,
ayeuna mah hayu indit,
tuduhkeun layon Sang Raja.

Hayu geuwat kami enggeus elat teuing,
geus hayang patepang,
rek ngiring raka Narpati,
ka mana bae angkatna.

Embung pisah lahir-batin niat ngiring.”
cong nyembah Ki Pitar,
„Perkawis layon Jeng Gusti,
parantos dipulasara.

Diurusna ku abdi Gusti pribadi,
dugi ka setrana,
kumaha tali paranti,
ngurus layon para Raja.

Diebogkeun itu di handapeun kai,
sareng sadayana,
layon satria pramantri,
anu bumela ka Raja.

Layon mantri diatur ku abdi Gusti,
nurutkeun pangkatna,
dijejer dibaris-baris,
di tojereun Sri Nalendra.”

„Hayu atuh Pitar” saur Prameswari,
„jig Pitar ti heula,”
tidinya brul para istri,
naluturkeun Patih Pitar.

Sanggeus nepi ka handapeun tangkal-kai,
tuluy breh kapendak,
layonna Sang Sunda Aji,
sarta layon para menak.

Mani bayak puluh-puluh layon mantri,
pangagung Pasundan,
engalna Parameswari,
nyaketan layon Sang Raja.

Para istri garwa patih garwa mantri,
sami ningalian,
marukakeun rurub mayit,
sacaroge-carogena.

Prameswari mukakeun rurub Sang Aji,
raray layon Raja,
diusap ku Prameswari,
diteuteup diawas-awas.

Ditegeskeun paromanana Narpati,
jeung dedeganana,
beresih teu siga mayit.
nyeples nu keur kulem tibra.

Katingali socana peureum saeutik,
waosna barodas,
nyacas lir kembang sriganding,
tatuna henteu katara.

Ngan ngajepat saeutik meh teu kaciri,
yen tapak pakarang,
sanggeus teges Prameswari,
mariksa salira Raja.

Tuluy sujud sasambat ka Kangjeng Gusti,
„Duh raka Nalendra,
pagusten pupujan abdi,
mugi sing kersa ngantosan.

Abdi ngiring lahir tumeka ing batin,
abdi narah pisah,
sareng panembahan abdi,
rek tahu dunya-aherat."

ASMARANDANA.

Enggalna Parameswari,
cengkat ngalugas kerisna,
estuning taya kakeder,
jos nojos pananganana,
cereleng getih medal,
tuluy dianggo kekemu,
nyetra salira ludira.

Salse kekemes ku getih,
Prameswari muka dada,
manah mantep ka caroge,
bari menerkeun kerisna,
pageuh nyepeng landean,
anu disipat harigu,
lebah hulu angen pisan.

Lajeng jes Parameswari,
newek anjeun lebet pisan,
getihna kaluar nyebrot,
keris mener jajantungna,
geus sampurna manahna,
Prameswari ngarumpuyuk,
nyuuh kana pangkon Raja.

Geus sirna mulih ka jati,
Patih Pitar kapaehan,
ningal getih muncrat nyebrot,
rumpuyuk teu obah-obah,
diburu ku bojona,
reujeung gandekna pakepuk,
nulungan nu kapaehan.

Sanggeus dikepretan cai,
Pitar bisa deui hudang,
awak leuleus bangun lungse,
ngomong di jero hatena,
„Nuhun ka Nu Kawasa,
dipasihan keneh hirup,
ciciren ditangtayungan.

Saumur gelar di lahir,
kakara ayeuna pisan,
ngalakon reuwas meh paeh,
tapi sukur katulungan.”
kocap anu rek bela,
garwana para pangagung,
sanggeus Prameswari wapat.

Kabeh pada matek keris,
sasambat ke carogena,
ngedalkeun katresnan hate,
rek bela dunya-aherat,
matak ketir ngupingna,
nu lalajo tingsalegruk,
careurik milu nalangsa.

Salse nyambat yen rek ngiring,
tuluy natuan salira,
numutkeun ungel papakon,
geus kekemes ku getihna,
teras maruka dada,
tuluy pada ngabar duhung,
narewek anjeun geus sirna.

Bela kabeh geus lastari,
marulih ka alam baka,
layonna pating rarengkol,
dina pangkon carogena,
rame nu nyeungceurikan,
tingaringhak tingsalegruk,

kasengsrem ku nu geus hilang.

Patih Pitar cakah-cikih,
mulasara layon bela,
diurus di hade-hade,
dijajarkeun diruruban,
geus salse tuluy Pitar,
ngumpulkeun nu masih hirup,
para istri ti Pasundan.

Disanggakeun ka Jeng Gusti,
Sang Majapahit Nalendra,
dianggo barang pangbaktos,
ka nu kagungan nagara,
tanda pindah ngawula,
Maha Prabu Hayam Wuruk,
kalangkung gerah manahna.

Enggal Ratu Majapahit,
angkat muru pasanggrahan,
rek nepangan Putri Anom,
pasemon bear gumbira,
hoyong enggal patepang,
jeung nu geulis Putri Galuh,
bentang nagara Pasundan.

Galih katarik ku asih,
kabawa ku panasaran,
kumerot hayang geura gok,
kacipta bae wandana,
'mo geseh tina gambar,
Ratu kabaud ku napsu,
giung samemeh patepang.

Gura-giru Kanjeng Gusti,
lebetna ka pasanggrahan,
bawiraos Prabu Anom,
Putri henteu ngiring bela,

teu nyarengan ibuna,
nu tangtu Putri keur ngungun,
kersana rek dibeberah.

Barang Kangjeng Ratu sumping,
nete ngadampal hambalan,
pakuwon Sang Putri Anom,
rame kadenge ka luar,
sora nu keur sasambat,
sawareh ceurik ngagukguk,
bangun nu kanyenyieran.

Sanggeus teges katingali,
yen nu careurik teh emban,
enggal mariksakeun bae,
ka emban nu pangkolotna,
pangasuh Agan Retna,
emban unjukan ka Ratu,
yen Nyi Putri di mandapa.

Kangjeng Ratu Majapahit,
teras angkat ka mandapa,
barang breh Sang Prabu Anom,
ningali ti katebihan,
aya nu diruruban,
ku kampuh kalangkung alus,
sutra hejo sulam emas.

Enggal dibujeng ku Gusti,
rurub hejo teh dibuka,
tetela Nyi Putri Anom,
kembang soca buah manah,
anu sok dipicangcam,
Kangjeng Ratu Hayam Wuruk;
nyeblak mamanaanana.

Dumeh teu sangka saeutik,
yen Ratu Putri geus wapat,

sajongjongan mindel bae,
mayunan layon Sang Retna,
bari neutep rarayna,
Nyi Putri teu siga pupus,
siga nu keur kulem tibra.

Socana beunta saeutik,
lambey galing siga obah,
kawas rek ngajak carios,
waosna nyacas barodas,
matak geugeut nu ningal,
Prabu Anom wuwuh ngungun,
kasengsrem ku nu geus wapat.

Beuki diteuteup ku Gusti,
beuki siga nu unjukan,
„Duh Gusti Parabu Anom,
geuning kieu balukarna,
nu natamu ka Jawa,
numutkeun kersana sepuh,
nohonan kana subaya.

Cacakan mun ti kamari,
Gusti ka dieu mariksa,
meureun abdi hirup keneh,
ku emutan hamo lepat,
abdi tangtos kacandak,
ayeuna mah putus catur,
bagja kapegat ku bahya.

Di lahir henteu ngajadi,
malak mandar urang jaga,
diparengkeun ku Yang Manon,
patepang di kalanggengan,
nohonan kersa sepah,
urang tiasa salulut,
tetep tengtrem sasarengan.

'Mo aya nu hiri dengki,
sapertos di alam dunya,
kitu saur Putri Anom,
kadanguna ku Sang Raja,
anu keur kaleleban,
Sang Ratu ngungun gegetun,
henteu kenging dibeberah.

Tidinya rumpuyuk geubis,
kasengsrem ku nu geus wapat,
ibur guyur emban kabeh,
pangatik pangobeng Raja,
careurik maridangdam,
sorana wani ngaguruh,
saheng lir nyiruan pindah.

Istri pangiring Jeng Gusti,
tangginas nyiar ciatah,
gancang diceuceuhkeun bae,
kana mastaka Nalendra,
teu lila Raja cengkat,
nangis sasambat ngarahuh,
bari nyusutan cisoca.

Ngudar anggoan Narpati,
saniskanten perhiasan,
teras dicuculan bae,
udengna sareng salindang,
dibeberkeun ku Raja,
dianggo rurub Retnayu,
ku bawaning sanget cinta.

Rarayna Retnayu Putri,
diusapan ku Sang Raja,
dirungrum ku saur sae,
„Duh jungjunan jimat engkang,
mustika pajuaran,
kembang soca buah kalbu,

nu lucu pawaran engkang.

Najan ku engkang disungsi
ngasruk gunung nyaksrak lebak,
layar ngambah laut gede,
hayang patepang hirupna,
jeung yayi jimat engkang,
tangtu moal hasil maksud,
da puguh eulis geus hilang.”

Kangjeng Raja wuwuh lali,
kana kaagunganana,
kasengsrem ku Putri Anom,
„Duh eulis engkang rumasa,
ngalakon lampah salah,
kaliru kaburu napsu,
tepi ka kieu jadina.

Duh jungjunan buah ati,
hirup oge di engkang mah,
sarua bae jeung paeh,
nalangsa salalawasna,
'mo beunang dibeberah,
eulis, enok, engkang milu,
ka mana kudu nyusulna.

Cing geura tuduhkeun yayi,
ka mana engkang nya mapag,
ulah lila teuing ngantos,
ka sawarga ka naraka,
ka bumi sapatala,
hayang bareng sareng ayu,
sakasuka-sakaduka.

Najan nitis nitis deui,
engkang mah geus embung pisah,
hayang reureujeungan bae,
tug tepi ka kalanggengan.

supaya jaga urang,
jadi saur jeung pitutur,
jadi kembang kacapangan.”

Sanggeus tutas Kangjeng Gusti,
ngedalkeun kejoting manah,
kacinta ka Putri Anom,
enggal nyusutan cisoca,
sarta teras ngandika,
ka mantri nu keur karumpul,
„He kabeh mantri-pongawa.

Layonna Sang Sunda Aji,
jeung layon Prameswarina,
garwa nu kadua oge,
ayeuna ka dieu bawa,
jeung terus pulasara,”
para mantri gura-giru,
nyaosan kersana Raja.

Jeung Ratu miwarang deui,
nyandak bangku gading endah,
pikeun nyiraman Sang Katong,
kawantu dawuhan raja,
sakedap geus sadia,
tidinya layon Sang Ratu,
garwa-putra disiraman.

Geus setra dibanyu suci,
kumaha adat biasa,
jeung diukup ku wawangen,
wawangenna tujuh rupa,
rurubna sutra mubyar,
dibatikna lubeng luhung,
disulam ku benang emas.

Lalangse pasaran resmi,
nganggo dibatik sisina,

matak resep anu nenjo,
giringsing ringgit batikna,
jeung dihias ku kembang,
salse dihias ku pucuk,
dicandak ka pangdurukan.

Ngagimbung wanita puri,
lengkep ngagem upacara,
barina naranggeuy sajen,
tingkirining sora genta,
tatabeuhan pandita,
sora guntangna halimpu,
dibarung ku pupujian.

Ratu Kahuripan nagri,
sareng rai Ratu Daha,
jeung mantri nu hirup keneh,
sami ngiring layon Raja,
ka tegal pangdurukan,
tempat ngadurukna alus,
luhur cungging taratagna.

Jalma mani heurin usik,
nu ngiring layon Sang Raja,
ka pangdurukan geus anjog,
enggalna para pandita,
pandita Siwa-Budha,
dihaturan ka payun,
rek nyampurnakeun rukunna.

Sanggeus salse para resi,
metakeun rukun-rukunna,
tuluy layon Maha Katong,
reujeung layon dua garwa,
sarta layon Sang Retna,
gancang nungtutan diduruk,
ngaguruh sora seuneuna.

Sanggeus ngaduruk lastari,
lebu layon diwadahan,
tuluy dipalidkeun bae,
kumaha adat biasa,
dibawa ka sagara,
geus sampurna layon Ratu,
putra-garwa duanana.

Tuluy ngurus layon mantri,
nu pupus di medan perang,
dikumpulkeun geus ngaredes,
Majapahit reujeung Sunda,
jeung layon nu barela,
istri Sunda nu taruhu,
nu bela ka carogena.

Mimiti layon pramantri,
anu diduruk ti heula,
tuluy nu barela kabeh,
lebuna geus diwadahan,
dibawa ka sagara,
geus salse anu ngaduruk,
tuluy ngaloris pakarang.

Sanggeus tarapti diloris,
balad jeung parabot perang,
tilu Ratu sami nganggo,
rek marulih ka nagara,
sanggeus dongkap ka mangsa,
leugeudeut aleutan Ratu,
ngaleut kaluar ti Bubat.

Prabu Kahuripan nagri,
kitu deui Prabu Daha,
henteu panjang dicarios,
geus marulih duanana
papisah sareng putra,
kocap Prabu Hayam Wuruk,
diiring ku Patih Pitar.

Jeung ku pirang-pirang istri,
wedalan tanah Pasundan,
nu masih harirup keneh,
aleutan Maha Nalendra,
nu sakitu panjangna,
katingalna nguyung alum,
teu aya pisan hegarna.

Sumpingna ka Majapahit,
wengi nuju sepi pisan,
Ratu lebet ka karaton,
para mantri geus bubaran,
kacaturkeun isukna,
Pitar ngadeuheus ka Ratu,
seja babakti ka Raja.

Nyanggakeun sakabeh istri,
babawaan ti Pasundan,
ka payunan Maha Katong,
tawis gumusti satia,
pindah kumawulana,
Pitar diganjar ku Ratu,
rupi artos jeung anggoan.

PUCUNG

Perang pupuh henteu panjang dipicatur,
ayeuna rek medar,
lalakon Parabu Anom,
kaleleban ku Raja Putri Pasundan.

Kangjeng Ratu sasumpingna ka kadatun,
teu cara biasa,
kirang tuang kirang ngarot,
kirang kulem seba oge carang-carang.

Tambah waktu nambahan kasawat kalbu,
anu ngadeuheusan,
geus tara ditampi bae,

ngan ngahuleng sareng teu kendat sasambat.

Ka Retnayu anu niat tuhu estu,
dugi ka pupusan,
tumpur saeusi karaton,
nyata pisan nu nyaah dipulang moha.

Kangjeng Ratu ngaraos sanget kaduhung,
ku lampah anjeunna,
ka Putri wuwuh cumantel,
dina manah henteu kening dibeberah.

Kabeh ewuh ponggawa eusi kadatun,
teu mendak landongna,
keur ngalandongan Pagusten,
para mantri ngariring sungkawa manah.

Laun-laun salirana Maha Prabu,
teu kiat nadahan,
bobotan tunggara hate,
kawas-kawas geus dongkap kana mangsana.

Putus catur tamat lalakoning hirup,
di bulan Kartika,
nuju dina mangsa sae,
kaleresan dina kaping limawelas.

Kangjeng Ratu Hayam Wuruk nu kamashur,
geus nilarkeun dunya,
pupus ngantunkeun kaprabon,
ibur guyur sapangeusi karajaan.

Ger gumuruh ribut di jero kadatun
rame nu midangdam,
gehger guyur munggah genjlong,
praponggawa riab pada mawa beja.

Urang lembur anu deukeut, anu jauh,
sanggeus meunang beja,

tuluy dangdan teu talangke,
bral arindit ngadarongdon ka nagara.

Mani ngabrul jalma ti kaler ti kidul,
ti kulon ti wetan,
ngiring sedih ka Sang Katong,
bangun gugup leumpangna pagancang-gancang.

Wantu Ratu punjul agung jeung linuhung
murba jeung misesa,
rat Jawa jeung nusa kabeh,
di mandapa heurin usik ku ponggawa.

Sanggeus kumpul sakabeh para pangagung,
tuluy prak sadia,
keur mulasara Sang Katong,
para mantri tarabah metakeunana.

Serwa alus sayagian keur ngaduruk,
luhur taratagna,
tambelana langkun aheng,
patulangan murub mubyar katingalna.

Mutuh alus diukir direka lembu,
cungkedang tandukna,
tungtung tanduk masang nyodor,
ka beh hareup nyeples jiga lembu enya.

Rupi lembu wulung mulus semu ngempur,
sanggeus layon Raja,
ditutup dihide-hade,
dipernahkeun di tempat beunang mapajang.

Nunggu waktu nepi ka mangsa ngaduruk,
lilana ditahan,
sabulan jeung tujuh poe,
hajat heula ngahormat arwah Sang Raja.

Goong ngungkung jeung tatabeuhan ngaguruh,
sagala tongtonan,

bangsa wayang ewong ronggeng,
kitu deui penca ngulinkeun pakarang.

Puluh-puluh rombongan henteu kaitung,
tujuh rupa penca,
nu ulin pakarang bae,
lain deui bangsa sirimpi badaya.

Jeung nu munjung mumuja nyekar ka Ratu,
ngahormat nu wapat,
henteu kendat unggal poe,
gunta-ganti mawa rupa-rupa kembang.

Tinggeledug bedilna campur jeung gugur,
gumuruh nu surak,
awor reujeung sora goong,
dedeangan geus taya daratanana.

Brul ngagimbung bangsa Brahmana karumpul,
maca pupujian,
ngahormat arwah Sang Katong,
unggal poe pada mareunang buruhan.

Geus diitung pimeunangeunana untung,
ku para Brahmana,
ongkos banyu-suci sajen,
ongkos mawa lebu layon ka sagara.

Laksa rewu kauntungan resi luhung,
jeung para garwana,
didaramel soso-soson,
eta oge gede kauntunganana.

Nu geus tangtu istri resi teh buburuh,
muja jeung nangisan,
ngiring sedih ka Sang Katong,
eta kabeh diitung make buruhan.

Tingsalegruk nu ceurik mangratus-ratus,



ngaguruh tamburna,
ibur di jero karaton,
eusi puri nyieun poe panungtungan.

Geus karumpul istri pikeun bela Ratu,
sarewu jumblahna,
gareulis parawan kabeh,
beberesih kumaha adat biasa.

Tuhu estu gilig baris bela Ratu,
taretep niatna,
cara ka caroge bae,
enya oge tacan saresmi jeung Raja.

Sangeus tutug layon geus cunduk ka dawuh,
jangkep dirawatna,
sabulan jeung tujuh poe,
layon Ratu digotong ka pangdurukan.

Gede luhur gotongan layon Sang Ratu,
endah papaesna,
jeung upacara kaprabon,
rarawisna hurung-herang ku parada.

MIJIL

Ngaleut ngeungkeuy ponggawa nu ngiring,
layonna Sang Katong,
pangpayunna praistri ngaredes,
nu satia rek bela Gusti,
pasemon saredih,
angkatna tarungkul.

Sapungkureun para istri tadi,
pasaran Sang Katong,
mani siga gunung kembang bae,
matak ketir anu ningali,
rame sora bedil,
surakna ngaguruh.

Sajajalan mani heurin usik,
ku jalma nu nongton,
kolot-budak lalaki-awewe,
tingsalegruk kabeh careurik,
sami ngiring sedih,
kalengitan Ratu.

Kebul jalan siga haseup bedil,
ngungkulan kakayon,
katenjona mani pararoek,
dedengean pon kitu deui,
waraas kaletir,
sora bende ngungkung.

Tegal tempat pangdurukan mayit,
teu lila katembong,
nu sarurak beuki rame bae,
tatabeuhan pon kitu deui,
sanggeus kabeh nepi,
ka tempat ngaduruk.

Teras bae gotongan Narpati,
ku anu ngagotong,
nurut dawuh para resi kabeh,
dibarawa ngider nguriling,
meunang tilu kali,
tartib sarta laun.

Disakseni ku sadaya resi,
numutkeun papakon,
ari anu dikurilingan teh,
adeg-adeg luhur nyengceling,
lir jambatan resmi,
papaesna ngempur.

Geus nguriling meunang tilu kali,
layon Maha Katong,
diturunkeun tina gotongan teh,

cat dibawa unggah jeung tartib,
sok ka jero peti,
nu baris diduruk.

Tuluy maju kabeh para resi,
nyampurnakeun layon,
resi Siwa jeung Buda ngaredes,
sakumaha tali paranti,
sami muja-muji,
samemeh ngaduruk.

Obor hurung dijiad ku resi,
numutkeun papakon,
sanggeus salse resi teu talangke,
tuluy nyundut durukan mayit,
henteu kungsi lami,
seuneu muntab hurung.

Geus ngaguruh lir Gunung Marapi,
matak hebat nenjo,
para bela geus sadia kabeh,
tingserepet maratek keris,
cuscus newek diri,
terus tuturubun.

Kana seuneu sami bela Gusti,
nu nongton olohok,
nyaraksian wawanen awewe,
anu tuhu ka Sang Narpati,
parawan gareulis,
jumlahna sarebu.

Sanggeus salse nu sarebu istri,
nohonan papakon,
henteu lila brul datang awewe,
pirang-pirang rek bela Gusti,
teu susuci deui,
taya nu dibanyu.

Ngan bawaning tuhu ka Narpati,
seja ngiring Katong,
bareng rampak labuh geni kabeh,
kaget sakur anu ningali,
waraas kaletir,
wet asa rek tumpur.

Para istri eusi Majapahit,
sami ngiring Katong,
tetep iman sarta gilig hate,
henteu inggis mariceun pati,
ku bawaning asih,
ka nu jadi Ratu.

Nu narongton loba anu ceurik,
sawareh barengong,
nenjo peta nu barela kabeh.
saharita di Majapahit,
pirang-pirang istri,
musna jadi lebu.

Wantu seuneu lir sagara geni,
dina jurang jero,
nu abrus teh tuluy geheng bae,
kacarita sanggeus lastari,
nu ngaduruk mayit,
kari milih lebu.

Lebu Raja dirawat ku resi,
nurutkeun papakon,
kitu deui para bela kabeh,
geus diurus cara sasari,
ku sadaya resi,
nu harita kumpul.

Prabrahmana Siwa-Buda ngaji,
maos mantra kahot,
lebur dosa, gelar, hirup, paeh,

sanggeus salse tuluy bral indit,
nyandak lebu mayit,
rek ka tengah laut.

Rek malidkeun lebu Sri Narpati,
nohonan papakon,
kitu deui lebu bela kabeh.
sanggeus salse tuluy marulih,
jeung kabeh pramantri,
ngajugjug kadatun.

Para mantri aralum saredih,
ningali karaton,
bangun suwung sarepi calombrek,
Majapahit rarehe jempling,
awewe-lalaki,
ngungun nguyung alum.

Ti samentas pupus Sri Narpati,
dayeuh siga kosong,
karareueung deungdeuleueun bae,
nu geus wapat mulih ka jati,
jeung loba karisi,
dumeh taya ratu..

Hiji mangsa Prabu Sepuh sumping,
sareng Daha Katong,
dideuheusan ku para gegeden,
para resi ngiring nakseni,
caralik ngabaris,
sanggeus kabeh kumpul.

Prabu Sepuh enggalna ngalahir,
tetela tur alon,
„Darengekeun he ponggawa kabeh,
pangna kami ka dieu sumping,
reujeung Daha Aji,
niat arek ngusud.

Hayang nyaho asalna nu sidik,
pangna Maha Katong,
teu damangna tuluy wales bae,
estu banget henteu kaharti,
teu gugur teu angin,
dilongok geus ripuh.

Taya tatu teu puguh nu nyeri,
socana carelong,
salirana kawas kapuk bae,
leuleus langsip pasemon pusing,
kawas raheut galih,
ngungun nyandang bingung.”

SINOM

Pandita Asmaranata,
unjuk ka Sri Narpati,
nataan usul-asalna,
nu jadi bibit panyakit,
panyawat Kangjeng Gusti,
Prabu Anom Hayam Wuruk,
marganing Gusti wapat,
anu nyata katalungtik,
ku anjeunna jeung ku para mantri werda.

Kieu piunjuk Pandita,
„Kaulanun Kangjeng Gusti,
awon teu unjuk uninga,
hal perkawis putra Gusti,
kasawat dina galih,
kasih ku asih wuyung,
ngalanglayung barangta,
taya landong anu matih,
kaleleban emut ka Putri nu wapat.

Gusti nu langkung uninga,
nalika gambar Nyi Putri,

kenging nekin Prabangkara,
ku putra Dalem katampi,
disawang ditingali,
dipangkon bari dirungrum,
pameunteuna marahmay
putra Gusti suka galih,
ku bawaning surup sareng lelembutan.

Wuwuh nalika utusan,
ngunjukkeun yen Rajaputri,
rek sumping sareng ramana,
kersaeun jumeneng padmi,
bingahna putra Gusti,
kawas kagunturan madu,
anu pangpangna pisan,
waktu Ratu Sunda sumping,
nyandak Putri sami ngarereb di Bubat.

Kabingahan Rajaputra,
sanes caturkeuneun deui,
hegar batan kembang ligar,
matak resep nu ningali,
sadaya abdi Gusti,
ngiring bingah niat kaul,
samalah hayang enggal,
mapag calon Prameswari,
hayang terang Sang Putri tanah Pasundan.

Kabungahan sanagara,
dibendung ku jalma hiji,
nya eta ku Gajah Mada,
medarkeun deui pulitik,
sakur anu sareuri,
liren gentos ku merengut,
wekasan maridangdam,
ahfina tepi ka pati,
Putra Gustri ngalanglayung lajeng wapat.

Mung sakitu nu kapendak,
kasaksi ku abdi Gusti,
nu jadi marganing bahya,
ka salira Sri Narpati,
dugi ka titis tulis,
puput yuswa Kangjeng Ratu,
namung sadaya-daya,
sumerah ka pangkon Gusti,
kitu deui ka Gusti Parabu Daha.”

Maha Prabu Kahuripan,
sajongjongan teu ngalahir,
mindel bae ngamanahan,
piunjukna para resi,
para mantri nakseni,
sakur anu kapiunjuk,
nyata taya lepatna,
Prabu Daha ngiring sedih,
tungkul alum henteu kersa sasauran.

Tuluy ngareret ka raka,
Maha Kahuripan Aji,
katingali ku Sang Daha,
yen rakana bendu galih,
salirana ngagidir,
raray beureun soca hurung,
bendu ka Gajah Mada,
anu ngagujrudkeun nagri,
jeung nu jadi lantaran pupus putrana.

Prabu Daha pok ngandika,
„Nu jadi jalaran pati,
cek rai mah Gajah Mada,
geus pantes dihukum pati,
ngagujrudkeun nagari,
megatan kersana Ratu,
nyeepkeun laksa jiwa,
kalebet mateni Gusti,

Cacakan mun taya bagja,
waktos ruket perang tanding,
Raka Prabu oge wapat,
kang rai pon kitu deui,
asa teu pantes teuing,
Ratu pupus, Patih kanton,
kumaha mun pitenah,
peta dengki ka Narpati,
kurang pantes Patih boga kitu peta.”

Maha Prabu kahuripan,
bendu barina ngalahir,
„Yaktos asa geus meujeuhna,
ditibanan hukum pati,
sumangga atuh Rai,
Patih Gajah Mada kepung,
sarta terus paehan,”
kabeh ponggawa nakseni,
sanggeus rempug jeung para mantri-ponggawa.

Enggalna tuluy sadia,
ngumpulkeun para perjurit,
nabeuh bende kabuyutan,
pusaka jimat nagari,
geunjeung sa-Majapahit,
ngadareng bende ngungkung,
nyata Ki Basantaka,
nu dititirkeun ku mantri,
nu ngadenge maruru mawa pakarang.

Brul ngabrul sapirang-pirang,
jalma ti mana ti mendi,
sayaga jiga rek perang,
arasup ka jero nagri,
kabeh ponggawa-mantri,
geus dangdan tuluy karumpul,

ngagimbung di balebang,
caringcing natakeun baris,
geus diatur sabandera-banderana.

Balad bregbregan daratang,
pabaliut nganan-ngeris,
nareangan kapalana,
geus salse tuluy diloris,
para mantri badami,
rek ngepung Ki Patih pamuk,
kacarita isukna,
ngaguruh soara bedil,
ger nu surak siga nu rek nempuh perang.

Ngungkung bende kabuyutan,
ciciren nginditkeun baris,
tuluy breg sakabeh balad,
ngaronom karaton Patih,
henteu talangke deui,
kuta laluhur digempur,
pager-pager dirempak,
kaget wilayah Ki Patih,
tingkoceak, tingjarerit, maridangdam.

Paburiak lalumpatan,
sarieuneun ku perjurit,
pada ninggalkeun pondokna,
nu kari sujud careurik,
barina melas-melis,
sasambat marenta hirup,
tapi Ki Lembu Muksa,
kitu jujulukna Patih,
Gajah Mada titisan Wisnu Batara.

Uningaeun ti awalna,
yen geus nepi kana jangji,
lalakon di alam dunya,
sumeja nyirna keun diri,

mulih ka tempat suci,
manjing ka sawarga agung,
sawarga Hariloka,
geus sadia beberesih,
sabiassa peta nu bade ngahiang.

Nganggo dodot sutra bodas,
papaesna langkung resmi,
payus ka anu nganggona,
wantuning Wisnu sajati,
estu Dewa sinelir,
dilancingan batik alus,
giringsing udayana,
katingalna wuwuh sigit,
sarta nganggo sabuk alus atmaraksa.

Ngagem tasbe ganitria,
nyepeng eros bari muji,
tuluy ngadeg di buruan,
ngeupeul rapet matek aji,
les Gajah Mada leungit,
mulih ka jatining usul,
musna sareng ragana,
lastri taya nu kari,
raga sukma nyurup kana kasampurnan.

Kocapkeun para garwana,
sami nandangan prihatin,
seja tumut jadi bela,
ngiring caroge ka batin,
enggalna beberesih,
manah tuhu ka nu pupus,
ngaranggo nu barodas,
gilig galih matek keris,
tuluy gecos narewek anjeun sadaya.

Layonna pating goletak,
matak ketir nu ningali,

nurut galuring carita,
sadayana garwa Patih,
nu sami bela pati,
batal henteu hasil maksud,
karana pada sasab,
teu manggih papadang ati,
katambias mapay marganing naraka.

Sigeg carita nu wapat,
kocap nu neangan Patih,
ditempoan unggal kamar,
jeung tempat nu buni-buni,
di tukang jeung di pipir,
saung pondok, gubug-gubug,
dihantem dikotektak,
di kebon di luhur kai,
tapi weleh teu aya anu mendakan.

Disungsi di pahumaan,
di lebak di pasir-pasir,
di sisi-sisi walungan,
di gunung jeung di basisir,
guha patapan resi,
teu aya anu kalarung,
weleh henteu kapendak,
sakuliah Majapahit,
geus disaksrak nepi ka luar nagara.

Tunda anu keur neangan,
rek nyaritakeun perjurit,
nu nyaksrak di kapatihan,
ngarampas barang Ki Patih,
naon anu kapanggih,
dicarokotan dikukud,
dibawa ka imahna,
dipiboga dipimilik,
kawas buta anu parebut mamangsan.

Rajakaya Gajah Mada,
mapakan ka para aji,
estu Patih pangbeungharna,
lega tanah rea duit,
mas-inten kitu deui,
ngundung-ngundung teu kaitung,
kongas jaman harita,
Patih agung sugih mukti,
gagah rongkah beunghar harti beunghar harta.

Para raja kabeh serab,
ku Ki Gajah Mada Patih,
pangaruh terah Batara,
sakti manggulang-mangguling,
tamat lalakon Patih,
putus caturung pitutur,
mung kantun wawangina,
mashur ka mana ka mendi,
Gajah Mada geus mulih ka Kadewatan.

Kocap Ratu Kahuripan,
sareng rai Daha Aji,
nu ngagem agama Siwa,
jeung Buda jaman bihari,
langkung sumpeging galih,
pasemon ngungun gegetun,
kaleleban ku putra,
anu geus mulih ka jati,
manah runtik kasuat ku patilasan.

Kacipta jeung kapiraray,
Raja Anom Majapahit,
disembah dipuja-puja,
ku ratu manca nagari,
enggalna dua Aji,
pamit ka para pangagung,
mulih ka nagarana,

nu hiji ka Daha nagri,
hiji deui ka Janggala Kahuripan.

DANGDANGGULA.

Kidung Sunda carios bihari,
dinten Senen tamat ditulisna,
dina pasaran Kaliwon,
wukuna Kuruwelut,
kaping tujuh panglonging sasih,
meneran sasih Magha,
sasih kasapuluh,
cek etangan tahun Saka,
srewu dlapan ratus teu kurang teu leuwih,
neda jembar aksama.

T A M A T

K A T E R A N G A N.

MAJAPAHIT SARENG PAJAJARAN.

Majapahit! Ngaran Majapahit matak narik kana hate urang, sok ras emut ka jaman kerta, alam raja-raja Jawa murba misesa ngereh sakuliah Hindia.

Dongkap ka ayeuna urang Jawa teu aya kendatna aremuteunana ka Majapahit, ka alam lemah-caina panjang-punjung.

Pakeum urang Sunda anu gumawang dina ciptaanana teh kakawasaan sareng kasatriaana jaman ngadeg Pajajaran, dayeuhna nelah Pakuan. Dina babad Jawa oge eta karajaan teh kasebat, nanging dianggap ngadegna heulaeun Majapahit.

Raden Susuruh, putra Ratu Pajajaran anu panutup, ditundung ku raina anu misah ibu, jenenganana Siung Wenara. Raden Susuruh angkat sakaparan-paran, sumping kana handapeun tangkal maja, ari ditingali buahna teh mung hiji-hijina, ana diraosan buah teh raosna pait, lajeng anjeunna ngababakan di dinya, nepi ka ngadeg nagara; eta nagara dingaranan Majapahit. Saparantos lega jajahanana tur tohaga, lajeng nempuh Pajajaran dongkap ka kaerehna ku anjeunna. Jadi cindekna barang Majapahit ngadeg, Pajajaran runtag. Ari nu mawi kitu, margi babad Tanah Jawi ngukuhan paham, yen karajaan-karajaan di Jawa teh tilem-timbul, tegesna upami timbul karajaan anyar, karajaan nu heubeul narikolot paeh ku maneh atanapi musna dibasmi ku nu anyar. Ku sabab kitu Pajajaran sareng Majapahit teh disarangka henteu bareng pada ngadeg, nya eta waktos ngadeg karajaan Majapahit, nagara Pajajaran harita kedah runtag.

Saur sepuh, anu ngadegkeun Pajajaran teh Ciung Wanara; upami nurutkeun eta carios, eta dua karajaan teh diadegkeunana meh sareng. Ayeuna urang talungtik, urang tembongkeun yen eta oge henteu kenging dianggap leres pisan. Dupi anu tetela karajaan Pajajaran sareng Majapahit teh sajaman sarta sering pacorok urusan.

BABAD JAWA-KULON ANU PANGKUNANA.

Keterangan anu leres tina sajarah anu pangkunana, moal boa

tangtos anu aya kenah rengkolna dina batutulis tea, anu kapendak di sababaraha tempat. Nanging batutulis oge, ari pasal sajarah Sunda mah, saeutik pisan pulunganeunana. Batutulis anu pangkunanana, nya eta anu kapendak di Ciaruteun. Numutkeun unina eta batutulis, teu lami ti samentas tahun 400 di Jawa-Kulon ngadeg hiji karajaan Hindu, wastana *Taruma*. Ayeuna oge aya kenah anu jadi pangeling-ngeling ka eta nagara, nya eta *Citarum*.

Sababaraha windu lamina les teu aya deui katerangan, kenging-kenging deui katerangan saparantos mendak batutulis di Kebon Kopi, yen kinten-kinten dina tahun 932 masih kenah aya kaadaban Hindu di Jawa-Kulon. Dina tahun 1030 mimiti mendak ngaran Sunda, kasebat dina opat batutulis di Cibadak. Raja anu ngadawuhan nulis dina eta batu, jenenganana Jayabhupati. Basana basa Jawa kuna. Upami nilik kana gelaran-gelaran eta raja, urang tiasa nangenan yen eta karajaan teh kacida pancantelna sareng Jawa.

Sawatawis windu ti harita, nu mutkeun cariosna anu kapendak dina hiji babad, Sunda teh kabawah ku karajaan Sumatra, nya eta karajaan Sri Wijaya, nanging kenging deui beja kabeh-dieuna-keun, kaunggel dina buku Nagarakretagama karangan Prapanca, hiji bujangga Majapahit, yen Sunda teh caos upeti ka raja Kertanagara di Singasari (1268 — 1292), nya eta hiji karajaan di Jawa anu ngadeg samemeh Majapahit.

Tulisan dina batutulis anu pangkunanana pisan anu ditulis ku basa Sunda, nya eta anu kapendak ti Kawali di Galuh. Di dinya kasebat Prabu Raja Wastu anu ngereh kota Kawali. Kawasna mah eta raja teh, nya Raja Rahyang Niskala Wastu Kancana tea anu kaunggel dina batutulis di Bogor, nya eta eyangna Raja anu ngadegkeun nagara Pajajaran.

Batutulis anu di Bogor tea jadi pitulung ageng pisan kana babad Sunda, margi mere katerangan hal jenengan nu ngadegkeun karajaan sareng mere katerangan jamanna waktu eta raja jume-neng kenah. Demi anu kasebat Ratu Purana, nya eta jujulukna Prabu Guru Dewatasrana, nya Sri Baduga Maharaja tea, Raja di Pakuan Pajajaran. Nya anjeunna anu kasebat Ratu Dewata anu ngadegkeun Pakuan teh. Eta raja nya putra Rahyang Dewaniskala,

anu dikurebkeun di Gunatiga, putuna Rahyang Niskala Wastu Kancana anu dikurebkeun di Nusalarang.

Titimangsana eta batu henteu pati tetela, salah sawios bae, upami sanes tahun Saka 1355 tahun 1255; ari anu leres rupinā tahun 1255 tea, sami sareng tahun Masehi 1333. Jadi Pajajaran teh diadegkeunana di tahun 1333 atanapi moal tebih samemeh tahun eta; dupi diadegkeunana ku hiji raja, kawasna turunan Ratu Galuh.

NGADEGNA KARAJAAN MAJAPAHIT.

Ayeuna urang nyarioskeun karajaan Majapahit. Ieu karajaan diadegkeunana dina tahun 1292 ku Wijaya, mantuna Raja Kertanagara di Singasari. Saparantos ngagempur nagara Kediri. Iajeng anjeunna jumeneng Raja di Majapahit dina tahun 1294, jujulukna Kertarajasa. Anjeunna kagungan dua putra istri sareng hiji putra pameget. Sapupusna Raja Kertarajasa digentos ku putra pameget jujuluk Jayanagara. Rakana, dua putri tea, pada nganggo gelaran Raja Istri, nya eta Raja Istri Kahuripan sareng Raja Istri Daha. Saparantos Jayanagara pupus anu kagungan hak ngasta karajaan Raja Istri Kertarajasa, nanging jalaran anjeunna parantos ngabagawan teu iasaeun ngereh nagara, nya digentosan ku putra istri anu cikal, nya eta Raja Istri Kahuripan tea dumugi ka pupusna dina tahun 1350, jujulukna Tribuana. Sang Raja Istri digentos ku putrana anu nembe juswa 16 tahun, nya eta anu dina babad kakasihna Prabu Hayam Wuruk tea, jujuluk Rajasanagara, ti taun 1350 kantos taun 1389.

JAMAN MAJAPAHIT PANJANG-PUNJUNG.

Waktos anjeunna ngasta karajaan, Majapahit nuju panjang-punjung gemah ripah loh jinawi, nagara kerta-raharja. Jabi Hayam Wuruk aya deui anu harita kakongaskeun jenenganana, nya eta Patih Gajah Mada. Kamashuranana Gajah Mada pangpangna tina perkawis kapinteranana ngolah nagara, dongkap ka alam harita Majapahit teh ngereh pirang-pirang karajaan anu tarebih luareun Pulo Jawa. Dina buku *Pararaton*, nya eta babad Jawa baheula anu disimpen di Bali, nanging dipidamelna rupina di Jawa, kaungel,

yen Gajah Mada teh barang nyekel kapangkatanana, nya eta jadi papatih Majapahit dina tahun 1331, teu lami lajeng anjeunna ngaragragkeun sumpah, rek naluk-nalukkeun pirang-pirang karajaan. Kieu pokna, "Lamun huwus kalah nusantara *) isun amukti palapa, lamun kalah ring Gurun, ring Seran, Tanjungpura, ring Haru, ring Pahang, Dompo, ring Bali, Sunda, Palembang, Tumasik, samana isun amukti palapa." Tegesna: Patih Gajah Mada jangji yen samemehna nusantara taluk, anjeunna bade mutih bae. Patih Gajah Mada kukuh ngukuhan sumpahna, taya kendatna usaha hoyong ngalaksanakeun anu jadi panyileukan manahna, dongkap ka pupusna dina tahun 1364, taya eureunna ihtiar ngilari kias tarekah sangkan sadaya kapuloan taraluk ka Majapahit.

Di antero tanah-tanah anu ku anjeunna bakal ditalukkeun kalawan sumpah tea, Sunda oge kasebat, jadi hiji tawis yen Sunda teh henteu kabawah ka Majapahit.

KASUSASTRAN.

Sanes tina pasal ngolah nagara bae unggulna Majapahit jaman Hayam Wuruk teh, tina hal adeg-adegan sareng ukir-ukiran oge, caraning ngadamel arca, pohara majengna; nya kitu deui kasusastran kacida diarulikna. Dina tahun 1365 Ki Bujangga Prapanca ngarang buku *Nagarakretagama*, eusina tembang pamuji ka nu jumeneng Ratu. Eta buku teh kapendakna ti Lombok dina tahun 1894, dianggitna dina jaman Majapahit dicepeng ku Hayam Wuruk. Ku hal eta urang bisa terang kana hal rupi-rupi kaayaan Majapahit jaman Hayam Wuruk. Eusina eta buku teh kakawen, nya eta anggitan anu make dangding Hindu, basana basa kabujanggaan, pinuh ku paribasa-paribasa kuna sareng ku basa Sangsakerta. Ari basa anu dipake alam harita ku rayat Majapahit parantos basa Jawa-tengahan, langkung mingper kana basa Jawa ayeuna ti batan kana basa anu diparake dina tembang-tembang jaman harita.

KASUSASTRAN JAWA DI BALI.

Dina jaman Majapahit keur sedengna panjang-punjung tea,

*) Nusantara = kapuloan, jadi hartosna Indonesia.

alam harita loba urang Jawa anu ngalumbara ka Bali. Eta anu ngalumbara tea di Balina henteu ninggalkeun adat talari urang Majapahit, maranehanana sok ngarulik kasusastran Jawa sarta nyarimpen carios-carios ti Majapahit, malah dongkap ka kubrana nagara Majapahit oge, eta carios-carios teh diarampihan bae. Komo dina tahun 1550 – 1600 mah di Gelgel (Bali) pohara anu ngarulik kasusastraan teh; karatonna di dinya, aturan sareng adeganana numutkeun model Majapahit, nya ku maranehanana disimpenna sareng diarulikna kakawen-kakawen kuna teh, nanging ari anggitan-anggitan anu kening ngarang maranehanana pribadi mah benten deui sareng kakawen kuna tea. Anu didamel, judul pamaksudan ku maranehanana mung hayang ngarawatan basa Majapahit, nya eta basa Jawa-tengahan, sareng teu make gending Hindu deui, anu diparake teh gending Jawa, tembang-tengahan sareng tembang-macapat. Mambrih benten sareng kakawen eta tembang model anyar tea disarebatna *Kidung*. Nanging eta kecap „kidung” teh baheula mah, malah dongkap ka ayeuna oge ari di Jawa mah, hartina teh nya dangding biasa tea. Jadi henteu cara kidung anu dihartian ku urang Sunda alam ayeuna; geuning ku urang Sunda mah anu disebut kidung teh: guguritan basa Jawa pakeun panulak bahla panyinglar sagala panyakit tea, caraning, „Kidung rumaksa ing wengi.”

KIDUNG SUNDA.

Urang Jawa anu ngalumbara ka Bali tea beuki lami beuki ngirangan kajawaanana, tungtungna lajeng awor sareng urang Bali. Tah ki Bujangga anu nganggit *Kidung Sunda* teh geus moal boa tangtos turunan urang Jawa anu ngalumbara ka Bali tea. Ari nu dianggitna hiji kajadian dina jaman Hayam Wuruk basa mimiti ngasta Majapahit.

Kieu ungelna eta *Kidung* teh: ¹⁾ Prabu Anom Hayam Wuruk ngalamar Putri Sunda, sarta jangji yen Nyi Putri bade dijenengkeun prameswari. Lantaran Ratu Sunda percanten kana subaya Raja Majapahit, nya putrana dipaparinkeun sarta dijajapkeun ku anjeun

¹⁾ Tangtos para juragan oge aruninga.

ka nagara picarogeeunana, diiring ku pirang-pirang pangiring. Hayam Wuruk sayagi bade mapag piprameswarieun, nanging dihalangan ku Ki Gajah Mada, majar kirang peryogi Gusti mapag urang Sunda sapertos ka sasama samartabat; kedahna mah Nyi Putri teh dianggo bakti ka Gusti, tawis gumusti. Waktos urang Sunda ngiangkeun utusan, eta utusan ku Gajah Mada dihina sarta henteu dideuheuskeun ka Raja. Hayam Wuruk henteu kersaeun mondah kana alpukahna Patih Mangkubumi; geus kitu bawaning kadar lat Raja lali kana jangji tadi subaya ka Ratu Sunda.

Ku urang Sunda kahartieun, yen Gajah Mada teh boga niat bade nalukkeun. Gancangna mepek balad. Gajah Mada nanya sakali deui ka urang Sunda, daek-henteuna ngabaktikeun Nyi Putri tawis migusti, nanging Ratu Sunda henteu kersaeun. Der perang campuh, urang Sunda kasoran, Rajana pupus di pangperangan.

Barang kadangu ku Hayam Wuruk, anjeunna kacida kaduhungeunana cidra jangji ka Ratu Sunda, Enggalna angkat ka tempat Putri, nanging Putri geus pupus, suduk salira ngiring rama. Hayam Wuruk teu damang wales kasengsrem ku Nyi Putri dumugi ka pupusna. Barang para pangagung bade ngahukum Gajah Mada, dumeh manehna nu jadi bibit palacidra, Gajah Mada ngahiang gentos jasad, leungit tanpa lebih ilang tanpa karana, mulih ka jati mulang ka asal, sabab Gajah Mada teh sayaktosna mah titisan Batara Wisnu.

TITIMANGSA DISERATNA KIDUNG SUNDA.

Tahun mana, jaman mana ayana Ki Bujangga anu ngarang *Kidung Sunda*, teu aya nu terangeun leres. Ngan anu tetela eta karangan anu asal tea dianggit deui ku bujangga-bujangga kabeh-dieunakeun, nya ayeuna aya tilu rupa anggitan; nya eta: wawacan kahiji anu didangding kana tembang tengahan Kadiri; kadua anu didangding nganggo tembang macapat; ari wawacan anu katilu nya eta anu disundakeun tea.

Dina anggitan anu katilu aya tilu pupuh, kahiji tembang tengahan *Dingdang*, kadua pupuh *Durma*, katilu *Sinom*. *)

*) Wawacan Jawa tengahan disalin kana basa Walanda sarta dikaluarkeun ku tuan C. C. Berg diasupkeun kana *Bydragen tot de Taal-, Land- en Volkenkunde van*

Dina eta wawacan seueur paribasa-paribasa Bali, eta jadi ciri yen basa Jawa tengahana alam harita, di Bali parantos teu pati beresih; kitu deui make nyebatkeun aya bedil sagala, padahal bedil teh kocapna di Hindia saparantos tahun 1500; jabi ti eta dina eta wawacan kasebat kuda Ki Patih Anepaken alusna lir si Andawesi, nya eta ngaran kuda dina wawacan Rangga 'Lawe nu dikanrang tahun 1543. Nanging hal eta sadayana oge teu kenging didamel katerangan anu nuduhkeun alam hirupna Ki Bujangga tea, margi tiasa jadi oge „bedil” sareng „Andawesi” teh panambah bujangga anyar anu narurun eta wawacan.

PARARATON SARENG CARITA PARAHİYANGAN.

Upami eusina wawacan anu tadi tea dibandingkeun sareng eusina buku-buku sanes anu aya carios hal eta, katangen pisan yen dina jaman Ki Bujangga hirup kenah, eta dongeng masih natrat tetela lalakonna. Eta carios kasebat oge dina buku *Pararaton* sareng dina babad Sunda kuna, nya eta *Carita Parahiyangan* ti Kangjeng Dalem Galuh. Carita Parahiyangan anu ayeuna parantos kapendak mung eta-etana pisan.

Dina *Pararaton* lebah nyarioskeun pasal eta dina jaman pamarentahan Hayam Wuruk, kieu:

„Tidinya tuluy nyarioskeun hal urang Sunda di Bubat. Maha Ratu (Hayam Wuruk) hoyongeun ka Putri Sunda Patih Madu didawuhan ka Sunda ngalamar Nyi Putri. Urang Sunda sapuk Nyi Putri bakal didamel prameswari. Prabu Maharaja ti Sunda sumping ku anjeun ka Majapahit, nanging teu kersaeun nyanggakeun Putri. Kahayang urang Sunda rendengan Nyi Putri teh dirame-rame dipestakeun. Patih Gajah Mada teu rempageun Kangjeng Raja kagungan Prameswari Putri Sunda, karepna Putri teh kedah disanggakeun ka Ratu dianggo pangbakti tawis migusti. Urang Sunda embungeun. Ku Patih Gajah Mada diunjukkeun urang Sunda boga peta kitu. Bhra Prameswara, Raja Wengker (dina *Kidung Sunda* disebutna Raja Daha) manahna sapuk ngadangu piunjuk Gajah Mada, unjukan ka rakana, „Ulah salempang raka Prabu, rai Prabu

Nederlandsch Indie, jilid 83. Tina basa Walanda disalin deui kana basa Sunda, nya wawacan ieu.

anu baris ngayonan perangna." Lajeng urang Majapahit sadia bade ningker urang Sunda. Ku urang Sunda Nyi Putri bade disangga-keun, nanging para menakna teu sapuk, saurna mending paeh di Bubat batan mikeun, embung taluk, mending ngetohkeun pati. Neuleu para menak kitu, urang Sunda ngentab hatena harayangeun tarung. Pangagung Sunda sayaga hayang perang: Larang Agung, Tuhan Sohan, Tuhan Gempung, Panji Melong, para ponggawa Tobong Barang. Rangga Cahot, Tuhan Usus, Tuhan Sohan, Urang Pangulu, Urang Saya, Rangga Kaweni, Urang Siring, Satrajali, Jagatsaya, ger surak wadyabala Sunda; surakna lir gunung urug, ngungkung sora bendena. Prabu Maharaja pupus ti heula sareng Tuhan Usus. Bhra Prameswara angkat ka Bubat, teu uningaen yen loba keneh urang Sunda anu nyesa sareng menak-menakna keur perang campuh. Urang Sunda nempuh maju ngidul, urang Majapahit kasoran. Brul deui balad Majapahit daratang, nadahan panempuhna balad Sunda, dikapalaan ku Arya Sentong, Patih Gowi, Patih Margalewih, Patih Teteg sareng Jaranbhaya. Para mantri-araraman perangna bari tarunggang kuda, tidinya urang Sunda mundur; lajeng pindah nempuh nyelabumi ka kulon-kidul, palebah Gajah Mada pisan, nanging unggal urang Sunda anu nepi ka palebah karetana Gajah Mada, taya nu mangga pulia. Medan perang ngemplang lir sagara getih, bangke ngagugunung, urang Sunda sadayana teu pilih bulu dibasmi, harita tahun Saka 1279 (= 1357 tahun Masehi).

Dina *Carita Parahiyanan* kasebat kieu:

Salumahing Kikis lawasnya ratu dua likur tahun. Salumahing Kiding lawasnya ratu tujuh tahun, manak Aki Kolot lawasnya ratu sapuluh tahun manak deui Prebu Maharaja, lawasnya ratu tujuh tahun, kena kabawa ku kalawisaya, kabancana ku seuweu, di manten ngaran Tohaan, mundut agung di pipanumbasna, urang reya sakan nu angkat ka Jawa; mumul nu lakyan

Nurutkeun katerangan Dr. R. Ng. Purbocaroko, eta basa kuna teh kieu pisundaeunana:

Anu pupus di Kikis lawasna jeneng ratu dua likur tahun. Anu pupus di Kiding lawasna jeneng ratu tujuh tahun. Apuputra Aki Kolot lawasna jeneng ratu sapuluh tahun, apuputra deui Prabu Maharaja. Lawasna anjeunna jeneng ratu tujuh tahun keuna ku wisaya lantaran ti putra nu katelah Tohaan (Rajaputri = putri anu digadangkeun baris

di Sunda. Panprangrang di Majapahit. Ayana seuweu Prebu Wangi ngarana inyana Prebu Niskala Wastu Kancana nu surup di Nusa Larang ring Giri Wana Kusuma.

ngagentos raja), mundut panumbas ageung; pirang-pirang anu arangkat ka Jawa; sabab Putri teu kersaeun direndengankeun di Sunda. Perang campuh di Majapahit. Aya deui putra Prabu Wangi jenenganana Prabu Niskala Wastu Kancana nu pupus di Nusa Larang di Gunung Wana Kusuma.

Sanggeus nyaritakeun hal kaayaan eta raja bet jol carios kieu:

Tohaan di Galuh inya nu surup di Gunung Tiga lawasnya ratu tuju tahun. Kena salahna twa bogo di estri larangan ti kaluaran, disilih-an ku Prebu Nalendra Puja Premana inya Sang Ratu Jaya-Dewata sang mwakta ri rancamaya, lawasnya ratu telu puluh salapan tahun.

Rajaputra di Galuh anu pupus di Gunung Tiga lawasna jeneng ratu tujuh tahun. Keuna ku kasalahan anjeunna bogoh ka istri larangan ti kaluaran, diganti ku Prebu Nalendra Puja Premana, nya eta Ratu Jaya Dewata anu pupusna aya nu nelasan. Lawasna jeneng ratu tilu puluh salapan tahun.

.....

Jadi boh *Pararaton* boh *Carita Parahiyangan*, duanana, pada nyarioskeun lalakon Rafu anu jenengan Maharaja, anu angkat ka Majapahit sareng putra istri (nepi ka pupusna di pangperangan). Dina *Kidung Sunda* cek Patih Anepaken, urang Sunda parantos dua kali dirurug ku balad Majapahit, Majapahit kasoran-kasoran bae. Panglamar anu disanggakeun ku Patih Madu, kamanahna ku Raja Sunda, jadi tanda yen Majapahit nganggap Sunda ngadeg pribadi, henteu kabawah ku Majapahit. Jadi pantes pisan dina *Carita Parahiyangan* kasebat yen peta urang Jawa kitu teh „mikot” sareng „nipu”. *Kidung Sunda* oge nyebatkeun tipu-daya urang Jawa. Dina *Kidung Sunda* dicarioskeun yen Patih Gajah Mada teu pipilueun kana nguruskeun rendenganana Kangjeng Raja, pipilueunana teh barang Kangjeng Raja rek mapag Putri. Meujeuhna aya nu nyangka oge, yen Gajah Mada ngahaja teu pipilueun nguruskeun hal ngalamar, ngarah urang Sunda asup kana cubluk. Dimana parantos lebet kana cubluk bade ditungkup; nya eta, pakeun nga-

laksanakeun pakarepanana anu digantungan sumpah tea. Aneh pisan dina lebah dieu carios Jawa cocog pisan sareng carios Sunda.

PRABU MAHARAJA, RATU SUNDA.

Maharaja teh jenengan Ratu Sunda, kasebat dina *Pararaton* sareng dina *Carita Parahiyangan*; ari dina *Kidung Sunda* mah mi-mindengna disebatna Maha Prabu sareng Maha Ratu. Di Batu Tulis kasebat aya hiji raja jenenganana Sri Baduga Maharaja, malah aya titimangsana sagala; tah, upami titimangsa anu kaungel dina eta batu tea leres sakumaha timbanganana anu palinter, nya eta sami sareng tahun Masehi 1333, upami leres kitu, tetela eta teh Prabu Maharaja anu ngadegkeun Pajajaran samemeh tahun 1333 tea, pupusna waktu perang di Bubat tahun 1357. Ari anu ngajadikeun mangmang ka urang lantaran kasebat yen eta Raja-raja teh pupusan di Nusa Larang sareng di Guna (Gunung) Tiga, cek *Carita Parahiyangan* ngagentos Prabu Maharaja, ari cek Batu Tulis anu digentos ku Prabu Maharaja. Kawasna bae *Carita Parahiyangan* lepat. Rupina anu dina *Carita Parahiyangan* disebat Prabu Nalendra Puja Premana anu pupus ku wisaya tea, geus teu sak deui Prabu Maharaja tea, anu dina batu di Batu Tulis disebatna „Ratu Purana” tea.

KAAYAAN HIRUP KUMBUH DI MAJAPAHIT.

Ku urang ayeuna parantos katalungtik, yen hal paketrokna Jawa sareng Sunda anu dipedar dina *Kidung Sunda* tea, mungguh pokona mah leres pisan kitu, cocog sareng raratan sajarah, kasaksi ku batutulis. Nanging sanajan pokona eta carios natrat dina babad oge, tacan jadi katerangan ka urang, jen sagala aturan hirup-kumbuh anu dicarioskeun dina *Kidung Sunda* tea, cocog kabeh sareng aturan hirup-kumbuh di Majapahit alam Hayam Wuruk. Nanging kantenan pisan seueur aturan-aturan sareng adat-adat di tempat Ki Bujangga anu ngarang ieu *Kidung*, anu sami sareng kaayaan-kaayaan di Majapahit baheula; malah kapan ayeuna oge upami urang ningal hirup-kumbuhna urang Bali (Bali Hindu), sok jol ingetan, „meureun hirup kumbuh di Majapahit baheula teh nya cara kitu.” Ku margi eta torojol datang sangkaan, boa kaayaan-

kaayaan sareng adat-adat di Majapahit anu kasebat dina *Kidung Sunda* teh sayaktosna mah sanes adat-adat Majapahit, nanging gambar kaayaan sareng adat-adat di tempat Ki Bujangga. Upami urang hayang terang aturan-aturan sareng adat-adat di Majapahit anu tetela, taya jalan sanes ngan kedah maos buku *Nagarakretagama* tea sareng tulisan-tulisan anu jadi tanda pangeling-ngeling (oorkonden).

Dina pasal ki Bujangga nyarioskeun kahormatan sareng rukun-rukunna ngaduruk mayit cocog pisan sareng aturan ayeuna anu masih dilampahkeun di Bali.

Hal bagbagan agama anu kasebat dina *Kidung Sunda* eta bagbagan dua agama anu awor jadi hiji, nya eta gulungna Agama Siwa sareng Agama Buda, sarta parantos kapendak ti babaheula di Pulo Jawa, ayeuna diparake keneh di Bali. Anu jadi dadasar elmuning hirup: kapercayaan kana *nitis* sareng *bales-binalesan*, tegesna bagja-cilaka anu tumiba ka manusa, eta kabeh buah laku-lampahna sorangan, nya eta anu diwastaaan *Karma* tea. Dupi buku-buku anu didamel angger-angger kautamaan hirup, nya eta buku-buku basa Jawa kuna, kenging nyalin tina buku-buku Sangsakerta, caraning: buku Slokantara (buku wet), buku Purana eusina rupi-rupi ilmu agama.

Perkawis pangaturan karaton sareng wadyabala, hal eta oge henteu terang leres, naha sagala rupi anu kasebat dina *Kidung Sunda* (katut ka unak-anikna perkawis anu aralit, misalna: pangkat-pangkat sareng gelaran-gelaran) harita geus dianggo di Majapahit atanpi henteu? sareng naha sagalana sami sareng anu kasebat dina *Kidung Sunda*? Martabatna kapangkatan-kapangkatan biasana mah sok robah-robah kabawa ku jaman. Kapan eta oge dina *Kidung Sunda* hal pangkat patih kenging disebatkeun aneh, bet sanes Gajah Mada bae geuning anu nganggo gelaran „patih” teh, anu sanes oge nganggo. Numutkeun ungelna *Pararaton*, patih Majapahit bentenna ti patih lian, nganggo gelaran *amangkubumi*. Dina tulisan-tulisan tanda pangeling-ngeling kajabi ti patih agung Majapahit, aya deui patih anu rada harandap; patih handap anu pangluhurna alam harita, nya eta Patih Kahuripan. Gajah Mada oge tadina mah nyepeng pangkat eta heula. Dina *Kidung Sunda* Patih

ramana Prabu Hayam Wuruk; moal lepat Patih Madu teh harita jadi Patih Kahuripan.

Di luhur parantos dicarioskeun, yen ibu Prabu Hayam Wuruk nganggo gelaran Raja Istri Kahuripan, bibina gelaranana Raja-Istri Daha. Dupi dina Kidung Sunda anu kacarioskeun teh ramana sareng pamanna; ramana disebut Ratu Kahuripan, pamanna disebut Ratu Daha. Dina *Kidung Sunda* kasebat sababaraha kali, yen Prabu Kahuripan teh ratu anu nyepeng pamarentahan di Majapahit, demi Prabu Hayam Wuruk ku nu ngarang dicarioskeunana siga masih anom, kenéh naker. Naha yaktos kitu? Geura urang papay. Dina *Pararaton* hal numpes urang Sunda teh kajadianana dina tahun 1357, jadi yuswana Prabu Hayam Wuruk harita parantos 23 tahun. Nanging aya babad sejen anu nyebatkeun tahun 1349. Harita anu nyepeng pamarentahan nagara Majapahit teh ibuna Prabu Hayam Wuruk, jadi carogena, nya ramana Hayam Wuruk, kantenan rumo-jong mantuan geureuhana marentah nagara. Kabeh-dieunakeun katalungtik, yen anu ngaheuyeuk karajaan Majapahit teh Raja sakulawargina. Dina surat pangeling-ngeling kasebat "Bhatara Sapta Prabhu" *), hartina Ratu Tujuh, nya eta hiji rengrengan ratu, elidna aya tujuh: ibu-rama Hayam Wuruk, Hayam Wuruk ku anjeun, paman sareng bibina, sareng dua saderek istri deui. Meureun anu kasebat dina Kidung Sunda „tujuh karajaan” sareng „para ratu” teh maksudna nya eta.

Kidung Sunda nyebatkeun yen Ratu Kahuripan sareng Ratu Daha teh majar sami jumeneng raja marentah sanagara-nagarana, eta kaliru. Ari mungguhing gelaranana mah rama sareng paman teh yaktos „raja”, nanging ngan gelaran bae, henteu misah karajaan. Numutkeun ungeling *Nagarakretagama*, ramana sareng pamanna pada karagungan karaton di dayeuh Majapahit. Ari eta kasebat yen aya perjurit Majapahit, perjurit Kahuripan sareng perjurit Daha, meureun leres kitu; da pamarentahan karajaan oge didamel tilu bagian.

*) Dina *Kidung Sunda* Kawi kasebat „Saptaraja”.

SULAYANA SARENG RARATAN SAJARAH.

Anu pangtetelana pisan pasaliana ieu carios sareng sajarah, dina namatkeunana. Nya eta: hal pupusna Prabu Hayam Wuruk sareng ngahiangna Patih Gajah Mada. Prabu Rajasanagara henteu pupus kaleleban ku Putri Sunda; nyepengna pamarentahan dumugi ka tahun 1389; kitu deui Gajah Mada tetep jadi Patih dongkap ka pupusna tahun 1364. Ku lantaran Gajah Mada teh sakitu kongasna, patih koncara gagah perkosa, pinter bisa ngukir langit cek babasan mah, ku hal eta rea pisan anu nganggit lalakonna, nepi ka jadi dongeng. Malah jelema beh dieu mah loba anu nganggap Gajah Mada teh Dewa kamanusan. Ki Bujangga anu nganggit ieu *Kidung* oge nganggap kitu. Hal pupusna Ratu Hayam Wuruk anu kasebat dina buku-buku babad di Bali, benten kabina-bina sareng anu kasebat dina *Kidung Sunda*.

KIDUNG SUNDA HIJI KABINANGKITAN.

Ki Bujangga anu ngarang ieu *Kidung* tetela pisan ngarobahna babad teh ngahaja. Pangna eta babad dirobah, dumeuh hoyong ngadamel wawacan anu binangkit anggitanana, sanes niat medar babad. Ari anu didamel poko lalakon, nya eta hiji carios kenging metik tina babad nanging henteu dicarioskeun sacerewelena; ku anjeunna dianggit deui diracik sareng pikiranana, dijeujeut dipasieup, disusurup sareng pikudueunana numutkeun timbangan Ki Bujangga, nya jadi hiji lalakon anu payus nuturkeun galur hiji ageman anu luhung.

Ari eta ageman anu dituturkeun ku Ki Bujangga teh, hiji keneh bae sareng ageman-ageman anu ditaluturkeun ku bujangga-bujangga saantero jagat. Najan unggal-unggal bujangga pada mawa aturan sorangan, pada boga karesep sorangan, pada nyekel bebeniran sorangan, ari agemanana mah eta-eta keneh bae, nya eta: ageman hal Takdir anu jelema teu tiasa sumingkir tea; ana cilaka geus kedah dongkap, nu pinter sok kabalinger, nu bodo sok komo katotoloyoh. Boh dina dongeng-dongeng barudak, boh dina carios-carios nu jarero keur kolot, eta ageman tangtos aya bae, natrat katembong. Di Indonesia oge ageman kitu teh aya. Gèuning urang

oge sok manggihan pirang-pirang dongeng: aya jelema malarat, sakitu usaha dug hulu pet nyawa, nya teu daekeun beunghar, da milikna miskin.

Ku ki Bujangga nu ngarakit *Kidung* atra katingali, paketrok-na Jawa sareng Sunda teh hiji lalakon perbawaning Takdir. Sakitu alusna itungan, sakitu beresna urusan, cek urang Sunda ninggang di lungguh, eta kabeh teu jadi, temahna sangsara sareng tempur ludes, da kitu „kahayang Takdir”. Nanging Ki Bujangga waspada terus tingal, sagala anu kajadian tara datang sagawayah, tara cunduk teu pupuguh. Numutkeun pituduh elmu agemanana, nya eta elmu Hindu anu linuhung, datangna bagja-cilaka teh kaereh ku papakon karma, „pepelakan dina gelar ti heula, bubuah dina gelar ayeuna.” Eta jalanna papakon karma, katingalina ku Ki Bujangga sanes jamak papakon, nanging papakoning Allah, ku anjeunna disebatna Hyang Widhi; sagala kacilakaan eta kersaning Anu Kawasa: Batara Wisnu ku anjeun anu nitis ka Gajah Mada, tah eta anu nyulayaan kareping manusa anu kasebat di luhur teh. „Tipu-daya” Patih Majapahit anu kasebat dina *Kidung Sunda* tea, eta katingalina ku Ki Bujangga sanes pagawean goreng, nanging nyacas tetela pisan gelarna kersa Pangeran, nya eta peta sareng kajadian anu teu kahontal ku pangarti manusa tina bab sae sareng awon.

Ngarakitna dangding dina *Kidung Sunda* Ki Bujangga tigin pisan numutkeun kasusastran anu prah alam harita. Ki Bujangga teu hoyongeun ngarang tembang benten ti nu lian, embungeun mahiwal ti nu ilahar; geura buku-buku Jawa mah geuning sadayana oge meh samodel bae. Kahoyong Ki Bujangga mung palay ngadamel karangan anu sae numutkeun aturan buhun.

Naha maksud Ki Bujangga hasil atanapi henteu?

T A M A T



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



Perpu
Jend